Зыщ ди блэкIари, зыуэ щрет ди къэкIуэнури!

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Адыгское слово

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№93 (23.751) • 2018 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 31, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## Шыщхьэу1ум и 1-р Хэкум къэзыгъэзэжам и махуэщ

# Чэзу зимыIэ щыIэкъым

**Илъэс 20 дэкIыжащ адыгэ гупышхуэ зэуэ Хэкум къызэрихьэжрэ. 1998 гъэм шыщхьэуIум и 1-м Адыгейм къагъэIэпхъуат унагъуэ 23-рэ, Косовэ (Югославие) щыпсэуа адыгэхэм ящыщу. Абы и пэкIэ зы мазэкIэ дызэIэбэкIыжмэ (1998 гъэм бадзэуэгъуэм и 3-м), УФ-м и Правительствэм къищтат «Косовэ автоном щIыналъэм (Югославие Зэгуэт Республикэ) щыпсэу адыгэхэр (черкесхэр) къагъэIэпхъуэн папщIэ икIэщIыпIэкIэ къэралым ищIапхъэр» жыхуиIэ Унафэр.**

АР ЗАУЭР къэхъеяуэ, лъэпкъ зэрыукIым и бэлыхь Балканхэр щыхэтарат. Апхуэдэ къэхъункIэ зэрыхъунур, къэкIуэжыну хуейхэм защIэгъэкъуауэ Хэкум къишэжын зэрыхуейр ДАХ-м и етIуанэ зэхуэсым щыжиIат Косовэ щыпсэу адыгэхэм я лIыкIуэ Цейхэ я щIалэм. «Адыгэхэр лъэпкъ зэщыIеяхэм яку дэкIуэдэнкIэ хъунущи, Iэмал щыIэххэмэ, Хэкум къифшэж», - лъэIуат ар.

ЗэрыфщIэщи, 90 гъэхэр сыт хуэдизкIэ хьэлъэу щымытами, акъыл хэлъу пхагъэкIат «Декларация о поддержке российской диаспоры и покровительства российским соотечественникам» жыхуиIэмрэ «О гражданстве РФ» Хабзэмрэ. А тIум нэхъыщхьэу хэлъыр СССР-м, Урысейм зэгуэр икIа цIыхухэм, зыщыщ лъэпкъым, я бзэм, дин зэрахьэм емылъытауэ, я щIэблэр нэгъуэщI къэралхэм щыпсэу ди цIыхухэу къызэрилъытэр, абыхэм лей къатехьэ хъумэ, УФ-р къазэрыщхьэщыжынур, къагъэзэжынымкIэ зэрадэIэпыкъунур арат.

Апхуэдэ Iуэхуми дызригъэжьакъым. Косовэ щыпсэу адыгэхэр гузэвгъуэшхуэ щыхэхуэм, Урысейм и кхъухьлъатэкIэ унагъуэ 23-рэ къагъэIэпхъуэжащ.

2003 гъэм Урысейм щагъэткIиижащ мы къэралым къэIэпхъуэжыну хуейхэм я Iуэхур. Абы щыгъуэ Хабзэм хатхащ Урысейм и цIыху хъужыну хуейуэ къэкIуэжыну къэлъаIуэхэм урысыбзэ ящIэну я къалэну. Ар къызэрымыкIуэу зэран хъуащ, къэкIуэжыну тегушхуахэм урысыбзэр зрагъэщIэныр гугъути.

ДАХ-м и зэхуэсхэм, уеблэмэ абы теухуауэ иригъэкIуэкIа щIэныгъэ конференцым УФ-м и Президент Путин Владимир зэрызыхуагъазэ къыщащтат мызэ-мытIэу. ЗыщIэлъэIур «къэзыгъэзэжынухэр УФ-м ис лъэпкъхэм ящыщу, зыщыщ лъэпкъым и бзэ ищIэу щытын хуейщ» жиIэу Хабзэм храгъэтхэну арат. Ауэ абы унафэ имыгъуэтурэ, Сирием зауэ къыщыхъеящ.

Ем щыгъуэ бжьэдыгъухэр зэшщ, жыхуиIэм хуэдэу, Урысейм аргуэру къигъэлъэгъуащ, хуеймэ, адыгэхэм зэрадэIэпыкъуфынур. Сирием щыпсэу адыгэхэм ящыщу ХэкумкIэ къэплъахэм гъуэгур хуит яхуищIри, зауэм я щхьэр къыхахащ куэдым. Абыхэм ящыщу цIыху 800 Мейкъуапэ къэкIуащ. Махуэхьэблэм дагъэтIысхьэну щIы кIапэ хупачащ унагъуэ 88-м, Банэхэс къуажэм - 38-м. Къэбэрдейм къэIэпхъуащ цIыху 690-рэ, Къэрэшей-Шэрджэсым - 52-рэ. Ди республикэм къэкIуэжахэм щхьэкIэ лъапсэ 91-рэ къащэхуащ, емыхьэжьами, узыщIэсын унэ иту. Ахэр псэупIэ яхуэхъуащ цIыху 286-м. ЩIалэгъуалэм ящыщ куэд КъБКъУ-мрэ мэкъумэш университетымрэ щоджэ, къыщыIэпхъуагъащIэм сабий 80 курыт еджапIэхэм щIагъэтIысхьащ.

Адыгейм къит бжыгъэхэр мыпхуэдэщ: Тыркум, Сирием, Иорданием, Израилым, Европэм къиIэпхъукIыжауэ цIыху 2000 щопсэу, щолажьэ, щоджэ. Ахэр сыткIи яхэзэгъэжащ я лъэпкъэгъухэм.

Дунейпсо Адыгэ Хасэр къыщызэрагъэпэща 1991 гъэм «фыкъэкIуэж» жыпIэнуи къыпхуегъэкIуртэкъым, къэралым щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм гугъуехь куэд къыздашати, ауэ, гузэвгъуэ хэхуа цIыхум «мамэ» зэрыжиIэм хуэдэу, «Хэку» жаригъэIащ зауэм, уеблэмэ игъащIэкIэ мыбыкIэ къэкIуэжын мурад зимыIари (псэукIэр щIэрыщIэу зэтебублэжыну зэрыхьэлъэр хэт къызыгурымыIуэр?!), адэжь лъапсэмкIэ къеIащ.

Сэ согъэщIагъуэ адыгэр зыпхыкIа гугъуехьхэм къызэрелар, адыгэ хэку, адыгэбзэ жызыIэр куэду зэрахэтыр.

Къумыкъу Мамдухь зэгуэр сеупщIат: «Сытым къызэтригъэна адыгэр?» - жысIэри. «Зэрылъэпкъыжьырщ, и хабзэ, и дуней еплъыкIэ, дуней тетыкIэ убзыхуа иIэжу зэрыщытарщ».

Зауэм нэхъ шынагъуэ щыIэкъым. Ар мыхъуатэмэ, мыпхуэдиз цIыху зэуэ къытхыхьэжыну, Урысейри ахэр къэгъэIэпхъуэнымкIэ нэхъ щабэ хъуну къыщIэкIынтэкъым. Иджы, сыт хуэдэ щхьэусыгъуэкIэ къамыгъэзэжами, дэри хэхэсу щытахэми ехъулIэныгъэ къытпэплъэу (политик мыхъумыщIэхэм мы дунейр ямыкъутэжмэ), щIалэгъуалэ зэрышэм адыгэм я лъыр къагъэщIэрэщIэжыну къысщохъу. Зауэр зэгуэр еух, гъащIэращ ух зимыIэр. Лъэпкъым и гъащIэр, Хэкум и теплъэр зыхуэдэнур зэлъытар дэращ. Чэзу зимыIэ щыIэкъым. Адыгэ лъэпкъ зэрыгъуэтыжым зиужьыжыну и чэзууэ къыщIэкIынущ.

**ШИРДИЙ Маринэ.**

Номер зэхэт 117

**Илъэс тIощI ирокъу Косовэ щIыналъэм къыщылыдауэ щыта мафIэ лыгъейм къыхэкIыжа адыгэхэм адэжь лъахэм къызэрагъэзэжрэ. Мейкъуапэ пэмыжыжьэу абыхэм щыхуаухуа Махуэхьэблэ жылэм зыщаужьыжащ унагъуэ куэдым. Хэкум къэзыгъэзэжам и махуэр къызыдежьари а къэхъукъащIэрщ.**

**Адыгейм, КъБР-м, КъШР-м зэман зэхуэмыдэхэм къитIысхьэжа ди лъэпкъэгъухэм я щыIэкIэ-псэукIэм теухуащ «Адыгэ макъ», «Адыгэ псалъэ», «Черкес хэку» газетхэм я номер зэхэтхэм я зи чэзу къыдэкIыгъуэр.**





## Мейкъуапэ километритIкIэ пэгъунэгъу Махуэхьэблэ къуажэм и теплъэгъуэхэр











БЕМЫРЗЭ Мухьэдин

## ЛъэIу

Адыгэ лъэпкъым и Iэпкълъэпкъ пщыкIутI -
Адыгэ анэм и зэш бын гъуэзэджэ,
Фэ адэжь хэкум вагъуэу фыщылыдт,
Фыкъэзылъагъухэр къывэхъуапсэу зэкIэ.
Натхъуэджыр, беслъэнейр, еджэрыкъуейр,
Жанейр, мэхъуэшыр, хьэтыкъуейр, шапсыгъыр,
ИтIанэ абазэхэр, къэбэрдейр,
Адэмей лIакъуэр, кIэмыргуейр, бжьэдыгъур.
Кавказым и дахапIэр фэ фи хэкут,
ЩIыгулъым я нэхъ бейр фи хьэсэ щIапIэт,
Къэрал зэмыщхьхэм къыфхухашу гъуэгу,
Фи тенджыз Iуфэр яIэт кхъухь тедзапIэу.
Иджы фэ дуней псом фыщикъухьащ...
Фэрыншэу нэщхъеялэщ чэщей мэзхэр,
Фэрыншэу уэгум вагъуэ щипхъыхьар,
Мэкъуауэ бадзэу, мафIэ нэпцIкIэ мэсхэр.
Адыгэ лъэпкъым и лIакъуэ пщыкIутI,
Iэпкълъэпкъыу цIыхум фэ фхуэдизщи иIэр,
Зыгуэр фыхэщIу и гур ивмыуд,
Фи псэуныгъэр гурыфIыгъуэу зиIэм.

КъБР

## БЫРСЕКЪУЭ Орфан:

● Ди псэлъэгъухэр

# Хэкум къызэрызгъэзэжам зы махуи сыхущIегъуэжакъым

*Дунейпсо Адыгэ Хасэм и гъэзэщIакIуэ гупым илъэс зыбжанэ хъуауэ хэт, абы и вице-президент, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Сириемрэ щыпсэу адыгэхэр зэпызыщIэ, зи Хэку къэзыгъэзэж ди лъэпкъэгъухэм я Iуэху дэзыгъэкI, зи IэщIагъэкIэ дохутыр Бырсекъуэ Орфан «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм ди хьэщIащ, Хэкум къэзыгъэзэжа адыгэхэм я махуэм ирихьэлIэу.*

**- Хэкурыс куэдым ефIэкIыу анэдэлъхубзэр зыгъэшэрыуэ тхьэмадэр ди редакцэм укъызэрытхуеблэгъар гуапэщ. Укъыщыхъуа щIыналъэр, уи Iыхьлыхэр, благъэхэр къэбгъанэу адэжь Хэкум къэбгъэзэжа зэрыхъуар сфIэгъэщIэгъуэнщ, Орфан.**

- Сирием хыхьэ адыгэ къуажэхэм языхэзщ сыкъыщыхъуар. Ди жылэм дэсхэми, курыт еджапIэм и егъэджакIуэхэми адыгэбзэр яIурылът, дызэреджэр хьэрыпыбзэми, лъэпкъ тхыдэмрэ IуэрыIуатэмрэ дыщIапIыкIащ. Ди къуажэм абазэхэхэр щынэхъыбэми, къэбэрдейхэри дэст. Дамаск курыт еджапIэр къыщызуха нэужь, дохутыр IэщIагъэм сыхуеджэну мурад сщIащ. Германиемрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ языхэзым сыкIуэну Iэмал къыщысхукъуэкIым, куэдрэ сымыгупсысэу адэжь щIыналъэр къыхэсхащ. Ди адэри абы хуабжьу щыгуфIыкIащ, Германиер сэркIэ хамэ къэралт. ИкIи 1975 гъэм Налшык КъБКъУ-м и медицинэ факультетым сыщеджэну сыкъэкIуащ. Къыхэзгъэщыну сыхуейт си къуэш нэхъыжьри КъБКъУ-м и инженер факультетым зэрыщеджар. Баку зы илъэскIэ дагъэкIуащ, урысыбзэр дагъэщIэну. Къэдгъэзэжри, хъарзынэу къэзухащ. АдэкIэ Москва си щIэныгъэм илъэс пщыкIузкIэ щыхэзгъэхъуащ: ординатурэмрэ аспирантурэмрэ къыщызухащ, кардиологием ехьэлIа си кандидат лэжьыгъэр щыпхызгъэкIащ, сызэрылажьэм хуэдэу-рэ.

1993 гъэм Сирием згъэзэжащ, ди адэр жьы хъуат, си къуэшитIыр Канадэм щыIэти. ИлъэсиплIрэ ныкъуэкIэ абы сыщылэжьащ. КъэбэрдеймкIэ си гур зэпымыууэ къеIэрти, 1997 гъэм Хэкум къэзгъэзэжащ икIи абы зы махуи сыхущIегъуэжакъым.

**Хэкужьым лэжьыгъэм, унагъуэм дауэ ущехъулIа?**

- Москва сыщыщыIами, Сирием сыкIуэжа нэужьи, Iэмал къызэрысхукъуэкIыу си гур здэщыIэ, ныбжьэгъу куэд щызгъуэта Налшык къалэм щIэх-щIэхыурэ сыкъэкIуэжырт. Анэм фIэкIа зыпэпщI хъун щымыIэ ди Хэку дахэр фIыуэ умылъагъун кIэ Iэмал иIэтэкъым. Германием сыщыкIуам къысхуагъэлъэгъуат абы сыщылэжьэну, нэмыцэбзэр илъэскIэ сагъэщIэну, сызэрыпсэун мылъкуи схухахыну, арщхьэкIэ, апхуэдэ Хэкур зыпэсщIын щыIэтэкъыми, сыкъэнэн здакъым. Ар, дауи, ягъэщIэгъуащ, сыту жыпIэмэ абы хамэ къэрал куэдым я лIыкIуэхэр щылэжьэну щIэлъэIурт. ЗыгуэркIэ сыщIегъуэж хъумэ, къызэрыспэплъэр къызжаIащ икIи я псалъэр ирищIагъэбыдэжу, сыщыхуейм деж я щIыналъэм сихьэну хуит сызыщI тхылъ къызатащ. УФ-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм дэлажьэ, Урысейм хущхъуэ къизышэ «Marve life» инджылыз IуэхущIапIэм сыкъагъуэтри, къысхуагъэлъэгъуащ Урысей Ипщэм и лIыкIуэ сахуэхъуу садэлэжьэну. Апхуэдэу, а IуэхущIапIэм 1997 гъэм къыщыщIэдзауэ 2007 гъэ пщIондэ и дохутыр-чэнджэщэгъуу сылэжьащ, гу, фошыгъу узыфэхэм ехьэлIауэ Урысейм кърашэ хущхъуэхэр къэспщытэу. Иджы пенсэм сыкIуащ, жылагъуэ Iуэхухэм сыхэтщ.

Си щхьэгъусэ ПIаз Маринэрэ сэрэ дохутыр IэщIагъэм зэгъусэу дыхуеджащ. Зы щIалэ диIэщ, и IэщIагъэкIэ юристщ. Абы къыщIэхъуа щIэблэм дагъэгушхуэ, дагъэгуфIэ.

**- Сирием къикIыжа ди лъэпкъэгъухэм я Iуэху дэгъэкIын и лъэныкъуэкIэ ДАХ-м зэфIигъэкIа лэжьыгъэхэм жыджэру уззэрыхэтам дыщыгъуазэщ.**

- 2011 гъэм Сирием зауэр къызэрыщыхъейрэ ди лъэпкъэгъухэм лей куэд къатехьащ. Зауэм и зэранкIэ куэд зэбгрыкIащ. Абы щыгъуэ зэуэ цIыху 800 Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкIуэжащ. ДАХ-м и къару къызэрихькIэ абыхэм ядэIэпыкъуащ. Сирием къикIыжа адыгэ щIалэгъуалэу 100-м нэблагъэ КъБКъУ-м щIагъэтIысхьащ. Унагъуэ 82-м сом мин щитху зырыз иратри, унэ къыхуащэхуащ, зыхуей жылэмрэ псэупIэмрэ къыхрагъэхри. Хэкум къэзыгъэзэжахэм я щIы Iыхьэ егугъуу зэрахьэ, лэжьыгъэр фIыуэ ялъагъу, я бынхэр ирагъаджэ. ДАХ-м урысыбзэр зыджынухэм папщIэ къызэIуиха курсым хуейхэр йокIуалIэ. Зи бынхэр къызыкIэлъыджэжа унагъуищым я псэупIэхэр къагъанэри, Европэм Iэпхъуэжащ. Иджыри зы унагъуэ кIуэр-къэкIуэжщ. КъэIэпхъуэжа ди лъэпкъэгъухэм зыгъэзэжын мурад зиIэ нэгъуэщI яхэткъым.

2012 гъэм къыщыщIэдзауэ нобэр къыздэсым Сирием къикIыжауэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм къекIуалIэ адыгэхэм я тхылъ, Iуэху зэIумыбзхэр зэфIахынымкIэ дадоIэпыкъу. Ельцин Борис и тетыгъуэ зэманым Урысейм и цIыхуу зэрыщытым щыхьэт техъуэ тхылъ нэхъ тыншу яту щытащ. Апхуэдэ тхылъ махуитIым кърихубыдэу цIыху 35-м кърэдгъэтат. 1968 гъэм къыщыщIэдзауэ Хэкум къэкIуэжа ди лъэпкъэгъухэр къапщтэмэ, суд Iуэху хэхуа зэрахэмытым, щытхъурэ пщIэрэ яIэу лъэпкъым зэрыхэзэгъэжам дрогуфIэ.

**- Сирием къикIыжа, къуажэкъуажэкIэрэ хэгуэшауэ псэу ди лъэпкъэгъухэр нобэ сыт зыгъэгузавэр?**

- Хэкум къэзыгъэзэжахэм я гуныкъуэгъуэ гуэрхэр къыщыдахьэлIэкIэ зэрызэфIэтхыным дыхущIокъу, ауэ нэхъыбэм я щхьэ Iуэху зэрыдагъэкIыжыфым дегъэгуфIэ. КъыщагъэзэжагъащIэм гугъуехьхэм нэхъ ирихьэлIами, иджы зыдэс жылэм къыдэхъукIам хуэдэу лъэпкъым хъарзынэу хэзэгъэжахэщ. Нэхъыщхьэращи, зыхэс лъэпкъхэм фIыуэ къадокIуэкI, зэгурыIуэ яку дэлъу къаугъэншэу зэдопсэу. Сауд Хьэрыпым, Катарым, Хьэрып Эмират Зэгуэтхэм, Германием, нэгъуэщI щIыналъэхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм яхэтщ къэкIуэжу дэIэпыкъуэгъуншэу езыр-езыру зи мылъкукIэ Шэджэм дэлъэдапIэм деж щаухуа унэхэм ящыщ къыщызыщэхуфахэри. Абыхэм я Iуэху зэрызэфIыхьэу Хэкум къагъэзэжыну я мурадщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIхэм фIыщIэ лей къалэжь Хэкум къэзыгъэзэжа ди лъэпкъэгъухэм гулъытэ зэрыхуащIам, ахъшэ зэхэдзэкIэ псапащIэхэр зэрыдагъэIэпыкъуам папщIэ. Тхьэм ди лъэпкъ дахэр зэригъэубыдыж, игъэбагъуэ, иузэщI!

*Епсэлъар*
**ТЕКIУЖЬ Заретэщ.**





Санэ Нидал и унагъуэр.

# Мылъку псоми нэхърэ нэхъ лъапIэ

**Кременчуг-Константиновскэ къуажэм къэIэпхъуэжауэ дэс адыгэ унагъуэхэм ящыщщ Санэ Нидал ейри. И щхьэгъусэр, и хъыджэбз цIыкIуитIыр, и щыкъу анэр къыздищтэри, илъэситху ипэкIэ абы Хэкум къигъэзэжащ.**

СИРИЕМ щыщыпсэуа лъэхъэнэм Нидал лэжьапIэ иIащ. Завод куэдым я лэжьэкIэхэр зэтригъэувэу, абыхэм якIэлъыплъу, я Iуэхур зэригъакIуэу щытащ. Хэкум къигъэзэжын мурад щищIым, абы унафэщIым къыжриIащ: «Нидал, сыт и лъэныкъуэкIи узыхуей дыдэр пхуэсщIэнщ, мыбы къани си мылъкур схузегъакIуэ, уэ фIэкIа апхуэдэ дзыхь зэзгъэзын сиIэкъым». АрщхьэкIэ Санэм сыт хуэдэ хъугъуэфIыгъуэм нэхъри и адэжь Хэкур нэхъ къищтащ.

УнэтIыныгъэ куэдым хэзыщIыкI адыгэлIыр Кременчуг-Константиновскэ къуажэдэсхэм я деж щызэпэубыдащ. Уэздыгъэ кIапсэ унэ кIуэцIым щызэтеухуэн хуейми, зыгуэрым я псыр къимыжми, ухуэныгъэ Iуэху хъуами, цIыхухэр къыздекIуалIэр Санэхэщ. КъищынэмыщIауэ, Нидал автомашинэшхуэхэм фIыуэ хещIыкI икIи зыгуэр къутамэ, тынш дыдэу зэрегъэпэщыж.

«Сэ курыт еджапIэр къызэрызух лъандэрэ солажьэ. Зы IэщIагъэр фIыуэ зэзгъащIэмэ, ар къызогъанэри, сызыщымыгъуазэм зызопщыт. ИлъэситI-щы хуэдиз абыи срилажьэмэ, нэгъуэщIым сыпэрохьэ. Апхуэдэурэ IэщIагъэ куэдым щыгъуазэ зысщIащ, - жеIэ Нидал. - УнэтIыныгъэ куэдым сыхуэIэижьти, лэжьакIуэхэм зыщIрагъэхми къасщIэрт, техникэр езыр къутарэ, цIыхум и зэранкIэ къэувыIами зэхэзгъэкIыфырт Сирием сыщыщылэжьам. Улахуэу нэхъ мащIэ дыдэу доллар мини 2 къыщысхьырт. Ауэ си дежкIэ нэхъапэу Хэкур згъэуври, къэзгъэзэжащ. Адэжь щIыналъэм и теплъэр, абы уи гум зэрызыщигъэпсэхур къызэрыпхуэщэхун мылъку дунеишхуэм теткъым».

Нидал и бынхэр къуажэ школым макIуэ. ФIы дыдэу хэзэгъауэ, сабийхэр ныбжьэгъу къахуэхъуауэ къызэдокIуэкI.

«Си къуэшхэр псори къэрал къулыкъушхуэхэм пэрытщи, Сирием къикIыну Iэмал яIэкъым, ауэ абыхэми хуабжьу я нэ къокI адэжь Хэкур зрагъэлъагъуну».

Лъэпкъ зэхэдз ямыщIу Кременчуг-Константиновскэ къуажэм щопсэу дэтхэнэ унагъуэри. Зыр адрейм зэрыхъукIэ дэIэпыкъуу, зым имыIэр адрейм и деж щигъуэту зэкъуэтщ жылэр.

«Си щхьэми, адрейуэ Хэкум къэзыгъэзэжахэми къабгъэдэкIыу фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ щIэгъэкъуэн къытхуэхъуа дэтхэнэ зы цIыхуми. Ди адэжьхэр къыщалъхуа щIыналъэм къэдгъэзэжащ, ди гур псэхужащи, Алыхьым и шыкурщ», - жеIэ Санэ Нидал.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

## ДИ БЗЭР ДЭ ДИ ПСЭЩ

**Лъэпкъым и щIалэу зи бзэр кIуэда,**
**Щхьэ мыгъуэ пщIэншэу укъагъэна?**
**Щхьэ уянэ-уядэу уэ узыпIахэм**
**Уи адыгэбзэр къыпIуамылъхьа?**

**Щхьэ уи лъэпкъ дыщэм и бзэр пIурачу**
**НэмыщI бзэ хьэхухэм укъыхуэна?**
**Iэджэ щхьэ нэщIхэм нобэ къыджаIэр:**
**«Сыт адыгэбзэ зи гугъу къытхуэфщIыр.**

**Ди щIакхъуэр зейхэрщ нобэ дэ ди бзэр,**
**СыткIэ ди щхьэпэ анэдэлъхубзэр?»**
**Ар щызэхэсхым, си гур къекIуащ,**
**Бзэр умыщIэжмэ, хамэ ухъуащ.**

**ЩIыхь яхузощIыр дэ дянэ-дядэм,**
**Ди адыгэбзэр къытIурызылъхьахэм,**
**Адыгэ напэу дахэу, ди шыпхъухэ,**
**Фыпсэу ди нэхухэу сэтэней бынхэ.**

**Ди цIыкIухэм я бзэр къызэтевгъанэ,**
**Вагъуэплъхэр бзагуэу къытхуэвмыгъанэ,**
**Анэдэлъхубзэр ящымыгъупщэм,**
**Къытхуэфхъумащи, быныфI тхуэхъунщ.**

**Сабийхэу зи бзэр зыIулъ ди нэхухэр**
**Ди жэнэт бзущи, Iэджэ я уасэщ.**
**Ди бзэр дэ ди псэщ, ар зыфIэкIуэдхэр**
**Мы хамэ щIыпIэм лIапIэ щихуахэщ.**

КЪУЩХЬЭ Нэдим.
*Сирие, Хъышней*



● ЩIэдзапIэ

# Мэхьанэ зиIэ хъугъэ-шIагъ

**УФ-м ПенсиехэмкIэ ифонд Адыгэ РеспубликэмкIэ и Къутамэ ипащэу Къулэ Амэрбый илъэс 20-кIэ узэкIэIэбэжьымэ Мыекъуапэ икъэлэ администрацие ипащэ иапэрэ гуадзэу Iоф ышIэщтыгъ. А лъэхъаным администрацием ипэщагъэу Николай Черниченкэм пшъэрылъ къыфишIыгъэу Аскэрбый Косовэ къыращыжьырэ адыгэхэм яIофхэм ауж итыгъ. Непэ Къулэ Амэрбый тигущыIэгъу.**

- СЭ АНАХЬЭУ сызпылъынэу хъугъэр ящэнэрэ купэу Чэмышъо Гъазый къыщэжьыгъагъэхэр ары. Кухьэлъатэкlэ Минеральные Воды къэбыбыгъэхэм апэгъокIыгъэхэм сэри сахэтыгъ.

Ахэр къэмысыхэзэ Мыекъуапэ икIэлэцIыкIу Iыгъыпlэу урамэу Лениным тетыр зэтедгъэпсыхьагъ, унагъохэр щыпсэунхэ алъэкIынэу тшIыгъэ, пщэрыхьапIэм ищыкIагъэр зэкIэри IэкIэдгъэхьагъ. АпэрэмкIэ кIэлэцIыкIу IыгъыпIэм ипщэрыхьакIохэр купэу къэкIожьыгъэм фэпщэрыхьанэу Iуагъэ адэтшIыгъ, Къэрэбэт Аслъанрэ *(Тхьэм джэнэтыр къырет)* сэрырэ тызэгъусэу мы Iофыгъохэр зэшIотхыгъагъэх.

Кухьэлъатэр къызытIысыжьыщтым ехъулIэу Минводы тынэсыгъ. Бэрэ сыгу илъыгъ ащ къикIыгъэхэм анэгухэр. ЦIыфхэу егъашIэм зыщыпсэугъэ чIыпIэр къэзыбгынагъэхэр, яIэ мылъкур чIэзынагъэхэр гушIощтыгъэх, псаоу заом имашIо къызэрэхэкIыжьыгъэхэм, ятэжъ пIашъэхэр зэрыкIыжьыгъэ чIыгужъым къызэрэкIожьыгъэхэм пае. ГушIом нэшхъэигъори игъусагъ...

Гъогум къытекIыгъэхэр дгъэшхэнхэу адыгэ шхыныгъохэр ядгъэшIыхи дэтщэгъагъэх. Ау цIыфхэр щытхэу шхэнха! Аэропортым пэблагъэу шхапIэ щыIэмэ сыкIэупчIагъ, сылъыхъуи къэзгъотыгъэти, ащ ибысым есIуагъ кафем тычIигъахьэмэ, ыпкIэ зэрестыщтыр. Ау а аужырэ гущыIэхэр ыштэгъахэхэп, ыпкIэ хэмылъэу тыщигъэшхэнэу тыригъэблэгъагъ. «Къащэх, щыгъашхэх» ыIуагъ. Псы чъыIи, IэшIуи къытфаригъэхьыгъ. Лъэшэу дахэу лIыр къызэрэтпэгъокIыгъэр непи сщыгъупшэрэп.

А лъэхъаным цIыфхэр зыщыщ лъэпкъым емылъытыгъэу къэкIожьыгъэхэм дэгъоу апэгъокIыгъэх, ахэр ячIыгу, яхэгъэгу къэкIожьыгъэхэу алъытагъ. Къэзыгъэзэжьыгъэхэм яIоф тыпылъэу зызфэдгъэзагъэхэм зэкIэми тыкъызэхашIыкIыгъ. КъэкIожьыгъэхэм адэжь цIыфыбэ къакIощтыгъ, шъхьадж ылъэкIыщтымкIэ IэпыIэгъу къафэхъущтыгъ.

Сыдэу щытми, къэкIожьыгъэ унэгъо 38-р кIэлэцIыкIу IыгъыпIэм иунэ чIэдгъэтIысхьагъэх. ЕтIанэ унэхэм яшIын, фэтэрхэм ящэфын къыкIэлъыкIуагъ.

Унэ зышIыщтхэм чIыгу Iахьхэр къаратынхэу игъо къызэсым, чылэр зыщытIысыщтыр къыхэтхынэу тыфежьагъ. КъэсэшIэжьы Чэмышъо Гъазыйрэ сэрырэ къэкIожьыгъэхэм ащыщэу Цэй зэшхэм тырягъусэу чIыпIэхэр къызэрэткIухьэгъагъэхэр. Ащ фэдэу совхозэу №10-м ичIыгухэм тяплъыгъ, станицэу Курджыпс, Ханскэм пэмычыжьэу щыс къутырэу Весёлэм тащыIагъ. Ау кIалэхэм чIыпIэхэр агу рихьыгъэхэп. ЕтIанэ джы Мэфэхьаблэ зыдэщыс чIыпIэм тщагъэх. Машинэхэм такъызэрикIэу, чIыпIэр зэралъэгъугъэм тетэу мыщ къыщыуцунхэу аIуагъ. Ащ тетэу унэхэр ашIынхэу рагъэжьагъ, а Iофым ведомствэ шъхьаф фэгъэзэгъагъ. Ау сахахьэу хъугъэ, футбол къэлапчъэхэр афязгъэшIэу афасщэу, Iэгуаохэри афэсщэфхэу къыхэкIыгъ.

Сэ сшъхьэкIэ анахь мэхьанэ зэстырэ хъугъэ-шIагъэхэм ащыщ адыгэхэм куп заулэ хъоу хэкужъым къызэрагъэзэжьыгъэр. Ахэм яIофыгъохэм язэшIохын, тIэкIу нэмыIэми, сызэрэхэлэжьагъэмкIэ сызыфэрэзэжь.

**СИХЪУ Гощнахъу.**

*Сурэтым итхэр:* **тилъэпкъэгъухэм адэжь щIыналъэм къагъэзэж** *(сэмэгумкIэ апэрэр Къулэ Аскэрбый).*




# Псэнэф игухэлъ нэфхэр

**Хьэтэмэ Псэнэф мыгъэ Адыгэ республикэ гимназиер дэгъу дэдэкIэ къыухыгъ. Ащ дакIоу музыкальнэ еджапIэм, бзэхэр зыщызэрагъашIэрэ Гупчэм, естественнэ-хьисап еджапIэми дэгъоу ащеджагъ. Пшъашъэм бзэ пчъагъэ ешIэ.**

ПСЭНЭФ ятэу Абдулахь ТыркуемкIэ Хьэтэмэ (МэщфэшIу) Нури иунагъо я 6-рэ сабыеу къихъогъагъ. ЗэкIэмкIи зэши 8-рэ зэшыпхъуи 2-рэ хъущтыгъэх. Апэ дэдэ къэкIожьыгъэхэм Абдулахь ащыщыгъ.

Зэш-зэшыпхъу пчъагъэхэм атекIыгъэ кIэлэцIыкIухэм Абдулахь анахь шIу алъэгъущтыгъ. Гушъабэу, гукъабзэу щытыгъ. Дэгъоу зышIэщтыгъэхэм зэрэцIыфышIур къыхагъэщызэ, непэ агу къэкIыжьы. Лъэпкъ Iофым лъэшэу фэщэгъагъ.

ЫпшъэкIэ къызэрэщысIуагъэу, Абдулахь апэ къэкIожьыгъэхэм ащыщыгъ, 1991-рэ илъэсэу хэгъэгур зыщыбырсырым къытефэжьыгъагъ, талонхэмкIэ гъомылапхъэхэр къатыхэу зыщэтыр арыгъэ. Италонхэр сабый зиIэ унагъохэм арытыжьыщтыгъ.

Абдулахь исэнэхьаткIэ инженер-агрономыгъ, къызэкIожьым чIыгу къаIихи ылэжьыщтыгъ, щэпIэ цIыкIуи къызэIуихыгъагъ. ЩыIэнэу, псэунэу фэягъ, ау игъонэмысэу дунаим ехыжьыгъ.

Непэ зигугъу къэсшIыщт пшъашъэу Псэнэф еджапIэм зэрэпэхьагъэри, дэгъу дэдэу зэреджагъэри Абдулахь къылъэгъужьыгъэп. Гимназием зыщагъэр ятэшэу Нэджэт арыгъэ. Псэнэф илъэсищкIэ нахьыкIэу шыпхъу цIыкIу иI. Адыгэ чIыгум къыфалIэу къэкIожьыгъэ кIалэм ихэкужъ щыпсэунэу, щытхъэжьынэу хъугъэп. Пшъэшъэ цIыкIуитIур къыкIэни хэкужъым ыпсэ щитыгъ. Ышнахьыжъэу Нэджэт унагъор зэрищэлIэжьи, ыш исабыйхэм ынаIэ атыригъэтыгъ.

Псэнэф республикэ гимназиемкIэ зыщеджэгъэ классым ипэщагъэу, Лъэустэнджэл Фатимэ къызэриIорэмкIэ, анахь кIэлэеджэкIо дэгъоу икласс исхэм ар ащыщыгъ, илъэс зэкIэлъыкIохэм старостыгъ. «ЕпIуагъэм укъыфызэплъэкIыжьынэу щытыгъэп. Зипшъашъэм, зыпIугъэм уехъопсэнэу щыт. ГукIэгъу хэлъ, зэкIэми ыгу афэгъу, IэпыIэгъу афэхъуным фэхьазыр. «Ты моя правая рука» есIоу бэрэ къыхэкIыгъ. ЗыгорэкIэ сыщымыIэу Iоф горэ классым ыгъэцэкIэнэу хъумэ, сыгумэкIэу сыкъыфытеуагъэмэ, «УкъэмыгумэкI, зэкIэри дэгъу хъущт» къысиIощтыгъ Псэнэф. Дэгъоуи агъэцакIэщтыгъ, къысфытеохэти, зэрэзэшIуахыгъэ шIыкIэри къысфаIотэжьыщтыгъ.

ЕджапIэм къычIэкIырэ классхэм якIэлэеджакIохэу дэгъоу еджэхэрэм, общественнэ IофшIэным хэлажьэхэрэм азыфагу илъэс къэс зэнэкъокъу щэкIо анахь кIэлэеджэкIо дэгъур къыхэхыгъэнымкIэ. Ащ къыщыдалъытэ олимпиадэхэм, конференцхэм, зэнэкъокъу зэфэшъхьафхэм, общественнэ IофшIэным кIэлэеджакIор зэрахэлажьэрэр. Ащ фэдэу 11 Б-мкIэ Псэнэфрэ Жэнэ Хьазрэтрэ кIэлэеджакIохэм къагъэлъэгъогъагъэх. КIэлэеджакIохэм къыхахыхэрэм етIанэ кIэлэегъаджэхэр зыхэт комиссиери хэплъэн фае. Ащ тетэу комиссием хэтхэмкIэ мыгъэ Жэнэ Хьазрэт зы нэбгырэкIэ нахьыбэмэ амакъэ фатыгъ.

Псэнэф еджапIэм зычIэхьагъэм къыщегъэжьагъэу еджэным тегъэпсыхьагъэу, ишIэ шIэгъошIоу щытыгъ. «Анахьэу Псэнэф сызэрэфэразэр сылъэIонэу е урок езгъэшIыжьынэу сызэримышIыгъэр ары. Ежь-ежьырэу еджагъ. Ау ублэпIэ классхэм ащезыгъэджагъэу ХьэпэкIэ Галинэ ишIогъэшхо пшъэшъэжъыем къекIыгъ, ынаIэ къытетыгъ, лъэшэу тыфэраз», - еIо ятэшым, МэшфэщIу Нэджэт.

УблэпIэ классхэм ащезыгъэджэгъэ кIэлэегъаджэм къызэриIорэмкIэ, Псэнэф къин зытеплъэгъон сабыеу щытыгъэп, пIуныгъэ дэгъу зырагъэгъотыгъэу, Iэдэб зыхэлъ пшъэшъэжъый. Янэ адыгабзэри урысыбзэри икъу фэдизэу Iулъхэпти, ащ нахь къыгурыIоным сыпылъыгъ. «Арэу щытми, сэ сынапшIэ теслъхьажьына, Псэнэф еджэным тегъэпсыхьагъэу, ишIэ шIэгъошIоу щытыгъ», - еIо кIэлэегъаджэм.


● Щапхъэ

Псэнэф сэмэгумкIэ щытщ.

Пшъэшъэжъыем илъэсихъблы фэдиз ыныбжьэу Германием щыкIогъэ фестивалым хэлэжьэгъагъ. Европэм и Адыгэ Хасэхэм зэхащэрэ фестивалым ансамблэу «Ащэмэзыр» зырагъэблагъэм, Псэнэфи адэкIогъагъ. А лъэхъаным пшъэшъэжъыер «Щыгъыжъыем» хэтыгъ, ащ Уджыхъу Мариет щаригъэшIэгъэ усэу аргъоим фэгъэхьыгъэм Псэнэф къеджэгъагъ. Адыгабзэкlэ IупкIэу, артистым фэдэу тепкIэмэ, зыдишIызэ езбырэу къызэреджэгъагъэм ыкIи сабыим адыгабзэр зэрэIулъым къехъопсагъэр мэкIагъэп. Ащ тетэу Псэнэф ригъэжьэгъагъ. Уехъопсэнэуи дэгъоу еджагъ.

«Дунаим ехыжьырэр къыгъэнагъэхэм къалъэплъэ, къафэгумэкIы» аIошъ, унагъоу къыгъэнагъэм рэхьатныгъэ илъэу, исабыйхэм дэйкIэ ягугъу амышIымэ, мэгупсэфымэ, Абдулахь къыгъэнэгъэ унагъом шыкур фэпIонэу щыт.

Пшъашъэр дэгъу дэдэу гимназием зэрэщеджэрэм дакIоу, музыкальнэ еджапIэми ыгу етыгъэу щеджагъ. ФортепианэмкIэ сэнэхьат зэригъэгъотыгъ. Ащ чIэс зэхъум зэнэкъокъу ыкIи концерт зэфэшъхьафхэм ахэлажьэщтыгъ. ЕджапIэм къычIэкIыжь шIоигъоу зэ ыгу къихьэгъагъ, ау ебгъажьэрэр гъунэм нэбгъэсын фаеу зыщалъытэрэ унагъом щапIурэ Псэнэф ар фадагъэп. «Джы сыкIэгушIужьы сызэрядэIугъагъэмкIэ», - еIо пшъашъэм.

Музыкальнэ еджапIэм нэмыкIэу пшъашъэр бзэхэр зыщызэрагъашIэрэ Гупчэу Едыдж Мэмэт зипащэми щеджагъ, дэгъоу къыухыгъ, Кембридж исертификат иI. ЕджапIэм чIэсыфэ еджапкIэ Едыдж Мэмэт ригъэтыгъэп, ащкIэ унагъор лъэшэу Мэмэт фэраз.

ЦIыкIу дэдэу Уджыхъу Мариет зэхищэгъэ «Щыгъыжъыем» Псэнэф кIоу ригъэжьэгъагъ. Адыгабзэр нахь ыIэ къихьанымкIэ ащ ишIуагъэ къэкIуагъэу, нахь шIошъхъуныгъэ зыфыриIэжьэу хъугъэу пшъашъэм елъытэ.

Ахэм анэмыкIэу республикэ естественнэ-хьисап еджапIэри Псэнэф къыухыгъ. Пшъашъэм хьисапыр шIу елъэгъу. Ащ щеджэфэ предметхэмкIэ олимпиадэ зэфэшъхьафхэм ар ахэлажьэщтыгъ, апэрэ чIыпIэхэр къыхьэу къыхэкIыгъ.

Пшъашъэм бзиплI ешIэ - адыгабзэр, тыркубзэр, урысыбзэр ыкIи инджылызыбзэр.

Псэнэф цIыфхэр ыгъэдэIонхэ, зылъищэнхэ елъэкIы. Ары старостэу классым илъэс зэкIэлъыкIохэм зыкIиIагъэр. «Сызыфаер сшIэ зыхъукIэ, сипшъэрылъ къызызгурыIокIэ, сыкъэгъэуцужьыгъуай», - еIо Псэнэф.

Пшъашъэм врач сэнэхьатыр къыхихыгъ, кIэлэцIыкIухэм яIэзэнэу фай. Мы мафэхэм Пшызэ шъолъыр университетми, Мыекъопэ къэралыгъо технологическэ университетым хэт медицинэ институтми итхылъхэр аритыгъэх. «Врач сэнэхьатым уятэшэу Нэджэт арын фае укъыфэзыщагъэр?» сIуи сеупчIыгъэти, «Хьау, ар фэягъэп врач сыхъунэу. IофшIэныр бзылъфыгъэмкIэ къинэу, пшъэдэкIыжьышхо ищыкIагъэу, анахьэу унагъо зышIэщт бзылъфыгъэмкIэ Iоф къызэрыкIоу щымытэу ащ елъытэ», - еIо Псэнэф.

- Гимназием икIэлэегъаджэхэр тянэм фэдэу къытпэблэгъагъэх. Сэ сишIошIыкIэ, ащ фэдэ еджапIэ щыIэп, зы унэгъошхом фэдэу кIэлэегъаджэхэри кIэлэеджакIохэри тызэхэтыгъ. Директорэу Нуриет Щамсудинэ ыпхъум къыщегъэжьагъэу илъэс пчъагъэрэ тикласс ипэщагъэу ГъукIэлI Мариет, урысыбзэмкIэ тезыгъэджагъэу Нэгъэплъэ Светланэ, зэкIэ тезыгъэджагъэхэм сафэраз, - еIо пшъашъэм.

Псэнэф щыIэныгъэм илъэгъо мафэ техьанэу, игухэлъхэр къыдэхъунхэу фэтэIо.



**СИХЪУ Гощнагъу.**

АСЛЪЭН Алий:

# Узэкъуэтмэ, сытми уполъэщ

**Урысейм и хэгъэгухэр, Абхъаз Республикэр псэупIэ зыхуэхъуахэр, я адэжьхэр зыщIэбэгыу псэуа Кавказым нобэкIэ къихьэжахэр щэ, уеблэмэ мин бжыгъэм нызэрохьэс. Псом хуэмыдэу, хэкум къэкIуэжын Iуэхур гузэвэгъуэу щекIуэкIар Щамым зауэ къыщыхъея нэужьщ.**

**Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэхэр къапщтэмэ, хамэ къэралхэм къикIыжу абыхэм щетIысэха ди лъэпкъэгъухэр куэдкIэ нэхъыбэщ, Къэрэшей-Шэрджэсым щыIэм елъытауэ. Щхьэихауэ жытIэнщи, «репатриант» жыхуаIэу нобэ ди хэгъэгум щыпсэум я нэхъыбэр Щамым щекIуэкIа мафIэ лыгъейм зи щхьэ, зи унагъуэ къыхэзышахэращ, зэблагъэ-зэIыхьлыхэщ. НобэкIэ ахэр цIыху 35-м щIегъу. Ди тхыгъэм зи гугъу щытщIыну бынунагъуэхэр Къэрэшей-Шэрджэсым къызэрихьэжрэ илъэс бжыгъэ дэкIыжащ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, абыхэм я щыIэкIэ-псэукIэр ноби зэтегъэпсыхьа хъуауэ пхужыIэнукъым.**

**Дыхуейщ нобэ ди лъэпкъэгъухэр зыгъэпIейтей, зымыгъэбакъуэ щытыкIэхэм нэхъ тегъэчыныхьауэ дыкъытеувыIэну. Ди лъэпкъэгъухэм я щыIэкIэ-псэукIэм и гугъу къытхуещI Хэкум къэзыгъэзэжахэм я Iуэхухэр зэфIэхынымкIэ лэжьыгъэр хэгъэгум щезыгъэкIуэкI, КъШР-м и «Адыгэ Хасэ - Шэрджэс Парламент» лъэпкъ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Аслъэн Алий.**



## Шэрджэсхэ Ислъам, Хьусам, Мэрям, Гъусокъуэ (Куэбл) Раджаб сымэ



Черкас Мэрям Хьэрун и шыпхъущ. Абыхэм Мейкъуапэ «вид на жительство» щащIауэ къэкIуэжащ. ЯпэщIыкIэ, Мэрям и пщащитIымрэ и анэмрэ Хьэгъундыкъуей къуажэм щыщ щIалэм и унэм щIэсащ. ИщхьэкIэ зэрыщыжытIауэ, Мэрям и анэм гражданствэ иIэ хъумэ, и бынхэми иратынущ.

Ислъам Хьэрун и шынэхъыщIэщ. Мыбы и унагъуэм щIэсхэми «вид на жительство» яIэщ. Сирие паспортхэм я пIалъэр иухри, ахэр зэрахъуэкIыжа къудейщ.

Ислъам япэщIыкIэ МейкъуапэкIэ щетIысэхри, абдежым я тхылъхэри щызэрагъэпэщащ. ИтIанэ Хьэгъундыкъуей къыдэтIысхьауэ щытащ. Иджы Хьэбэз къуажэм щетIысэхахэм, фэтэр зратахэм ящыщщ. Ислъам и унагъуэр Хьусам иужькIэ Хэкум къэкIуэжа пэтми, я тхылъхэр нэхъ щIэх зэфIэкIащ.

Хьусам и унагъуэм щIэсхэм я тхылъхэр КъШР-рщ щызэфIагъэхьар. ЯпэщIыкIэ Урысейм пIалъэкIэ щыпсэуну зэрыхуитымкIэ, итIанэ «вид на жительство» хуащIащ. ГъэщIэгъуэнракъэ, ди гъунэгъу хэгъэгухэм репатриантхэм я тхылъхэм хэплъэным мазитI пIалъэ щыхуагъэуву арамэ, ди деж а Iуэхум мази 2 - 6-м нызэрыхьэскIэ хоплъэ.

Ауэрэ, Хьусам и тхылъ Iуэхухэм хэтурэ, и визэм и пIалъэр иухауэ къыщIэкIащ. Ар имыщIэу Мейкъуапэ дэс и Iыхьлыхэм я деж кIуауэ къыздэкIуэжым, ГАИ постым къыщагъэувыIэри, «хамэ къэрал щыщ цIыхур хабзэм темыту Урысейм итщ» жаIэри, Iэпщэхъу къралъхьэри, Мостовской деж хьэпсым щыщIадзащ. Абы щыгъуэми и щхьэгъусэмрэ сабиитIымрэ щIыгъут. Хуабжьу гугъуехь мымащIэм хэтащ Хасэри, езы Хьусам и унагъуэри. И хьэкум ящIэри, тезыр ирагъэтри, Хьусам къыщIагъэкIыжащ, «фи тхылъхэр зэтевмыгъэпсыхьауэ афIэкIа фыкъемыжьэ» къыжраIэри.

Гъусокъуэ Раджаб Урысейм пIалъэкIэ зэрыщыпсэуфын дэфтэрщ иIэр. Япэрейхэр къыщыкIуам урысыбзэр Iэмал имыIэу пщIэн хуейуэ УФ-м и Хабзэм къигъэувыртэкъым. Раджаб и къэкIуэгъуэм ар къыхагъэхьащ. Иджы сыт хуэдэ тхылъ ущIэлъэIунуми, урысыбзэр пщIэн хуейуэ къоув.

Гугъуехь куэдым хэтами, Раджаб и тхылъхэр игъэхьэзыращ. Ауэ апщIондэху, и щхьэгъусэм Сирием къыздриха дэфтэрхэм я пIалъэр икIащ. Апхуэдэу, Раджаб, и анэм, и бынитIым я тхылъхэр Iахащ, мазэ къихьэнум зэфIэкIын хуейуэ поплъэ. И щхьэгъусэми «пIалъэкIэ щтапIэ ихьэжам и дэфтэр» жыхуаIэм хуэдэ къратащ.

## Къардэнхэ Данилрэ Бусейнэрэ



Хьэбэз къуажэм дэсщ Къардэнхэ Данилрэ Бусейнэрэ я унагъуэр. Ахэр нэрыбгиплI мэхъу: сабиитIымрэ я анэадэмрэ. Илъэс ныкъуэкIэ Къардэнхэ Черкесск къалэм фэтэр щыщIэсащ, Адыгэ Хасэм пщIэ щIиту. Иужьым Хьэбэз къуажэм щыщ Даур РэIуф и унэм щIигъэтIысхьэри, зы зэманкIэ абы щыпсэуащ. Тхьэм и шыкуркIэ, иджы къуажэм щIапIэ къыщратри, унэ щащIащ, щIэтIысхьэжахэщ.

Къардэнхэ я унагъуэм «вид на жительство» яIэщ. Абы и пIалъэр илъэситхущ. Иджы дыдэ пIалъэр икIри хупаща къудейщ. А Iуэхуми лъэпощхьэпо куэд пылъащ. Псори зымыгъэкIуатэр бюрократие кIэлъэф Iуэху щIэкIэращ.

## Балокъуэ (Мустэфа) Нихьэт



Балокъуэ Нихьэт Хэкужьым япэ дыдэ къэкIуэжахэм ящыщщ. Дохутыр IэщIагъэ иIэщ. Арами, ординатурэм щемыджауэ лэжьапIэ кърататыртэкъыми, гугъуехь куэд пылъами, ар къиухыжащ. Ауэ абы щхьэкIи лэжьапIэ игъуэтакъым.

Хьэбэз къуажэм щыщ пщащэ щхьэгъусэ хуэхъуа нэужь, Абхъазым унэ къыщратри, абы Iэпхъуащ, дохутыруи щылэжьащ. Ауэ абыкIи я Iуэху зэрыхуейм хуэдэу щымыхъуу, и щхьэгъусэм унэ щиIэ Ставрополь кIуэжахэщ. Нихьэт и анэмрэ и шыпхъуитIымрэ щIыгъут. Ахэр Черкесск къалэм къыдэнащи, я тхылъ IуэхукIэ гугъуехьым хэкIыркъым.

## Мэхъуш (Черкас) Хьэрун и унагъуэр

Хьэбэз районым хыхьэ Хьэгъундыкъуей къуажэм Хэкум къэзыгъэзэжауэ зы унагъуэщ дэсыжыр. Ахэр нэрыбгиплI мэхъу. Мыбыхэм Урысейм зэрицIыхумкIэ щыхьэтлыкъ тхылъхэр (гражданствэ) яIэщ. Унагъуэм и тхьэмадэ Хьэрун Куржы-Абхъаз зауэр къыщыхъеям къэкIуауэ щытащ. Абы къикIыжри, Бжьэдыгъукъалэ (Краснодар) пэмыжыжьэу щыIэ Пэнэхэс къуажэм щыпсэуащ, МейкъуапэкIи щыIащ. И бынхэр балигъщ, ищхьэ еджапIэхэм щIэсщ.

Къапщтэмэ, Хьэрун сымэ илъэс 20-м щIигъуауэ Хэкужьым щыIащ. Пэжщ, Дамаск ягъэзэжри, иужькIэ къэкIуэжащ. ПсэупIэкIэ гугъу ехьахэщ. ХьэрычэтыщIэ Аргун Олег и фIыщIэкIэ, Хьэрун и унагъуэм нобэкIэ псэупIэ яIэщ. Езыхэм яй дыдэу щымытми, зэпэщщ. Тхьэм узэрелъэIуну, я тхылъкIи зэтегъэпсыхьахэщ.

Хьэрун гражданствэ иIэщи, и анэр пенсэм кIуэмэ, абыи ди къэралым тхылъ иритыфынущ Урысейм и цIыхуу зэрыщытымкIэ. Ауэ ахэр къыщыкIуэжам гулъытэ хуамыщIу яIэщIэкIа Iуэхум: я унагъуэцIэр зэтемыхуэу, «Черкас», «Джеркас», «Черкес» жиIэу, зэратхам, Хьэрун и унагъуэцIэ дыдэр - Мэхъушыр - къызэрищтэжауэ щытам, хуабжьу гугъу иригъэхьыжахэщ. Анэр зэрейм щыхьэт техъуэ тхылъхэр гъэхьэзырыным Хьэрун зэман куэд дыдэ тригъэкIуэдащ. Иджы анэм гражданствэ къратмэ, хабзэм зэрытету, и быну хъуами ар къалъысын хуейщ.

## Хьэтыкъуей Мухьэмэд и бынунагъуэр



Эрсакон (Абатэ Хьэблэ) къуажэм щетIысэха Хьэтыкъуейхэ Мухьэмэдрэ Санятрэ бынунагъуэшхуэщ - сабииплI яIэщ. Мыхэр япэщIыкIэ Налшык щетIысэхри, Урысейм пIалъэкIэ ущыпсэуну хуит узыщI тхылъхэр яIэу (илъэсищщ и пIалъэр) ди хэгъэгум къэIэпхъуэжащ. Иужьым «вид на жительство» щIэлъэIуахэщ. Мис, иджы, абы и пIалъэри йокIри, гузэвэгъуэм хэтхэщ.

Сэнят и шыпхъу нэхъыщIэри къакIуэри, и тхылъ Iуэхухэм лъэпощхьэпо ин пылъ щыхъум, АбхъазымкIэ игъэзауэ абы щопсэу, лэжьапIи иIэщ, унагъуэ хъунуи зегъэхьэзыр.

Хьэтыкъуейхэ я унагъуэр ящыщщ зи дэфтэр Iуэхухэр зэфIэнахэм. ФокIадэ мазэм абыхэм я дэфтэрхэм я пIалъэр йокIри, ахэр къыдэхыжыным я нэхъ мащIэу доллар 2400-рэ текIуэдэнущ. Тхылъхэр Москва посольствэм ирахьэлIэн хуейщ. Мы унагъуэр Урысейм иджыри щыпсэуну къэнэн папщIэ, ахэр зыхэпсэукIын мылъку зэраIэр къагъэлъэгъуэн хуейуэ къэралым къегъэув. Ар ахъшэ мащIэкъым, Хьэтыкъуейхэ нэрыбгих зэрыхъур Iуэхум къыхэплъытэмэ.

ПсэупIэ и лъэныкъуэкIи бынып хуабжьу гугъу йохь. Мы унагъуэр егъэзыпIэншэу щытащ, иджы, благъэ къахуэхъуахэм щIапIэ къратри, КъШР-м и адыгэ щIалэгъуалэ Хасэм и фIыщIэкIэ, цIыху куэдым я дэIэпыкъуныгъи хэлъу, Эрсакон къуажэм деж унэ лъабжьэр щагъэжащ, ар зэфIэгъэувэным йолэжь.

## ЛIыщхэ я унагъуэр

ЛIыщхэ Мухьэмэд и унагъуэр Бэвыкъуэ къуажэм щетIысэхащ. ЦIыхуиплI мэхъу. Мухьэмэди и адэ-анэми гражданствэ яIэщ. И нэхъыжьхэр КъБР-м щопсэу. Мухьэмэд и щIалэ Анзори Урысейм зэрицIыхум щыхьэт техъуэ тхылъыр КъШР-м щызэфIагъэкIащ.

Адрейхэри гражданствэ зэрыщIэлъэIуамкIэ я тхылъхэр Хьэбэз районым щIалъхьащ. Гражданствэ зиIэ щхьэгъусэм илъэсищкIэ удэпсэуауэ щытын хуейщ, ар къуатын папщIэ. Абы къыхэкIыу, Мухьэмэд и щхьэгъусэм «вид на жительство» жыхуаIэм хуэдэщ иIэр. Бзылъхугъэм и анэ Нахлэ «пIалъэкIэ щтапIэ ихьэжа» жыхуаIэм хуэдэ тхылъ хуащIащ. Нэгъабэщ Нахлэ Хэкужьым къыщихьэжар.

## Хасэм и тхьэмадэм и псалъэ

Зауэм къыхэкIами, езыхэр хуейуэ къэкIуэжами, Хэкужьым къэзыгъэзэж ди лъэпкъэгъухэм зэрытлъэкIкIэ дапыкъуэкIын, ди къару къызэрихькIэ защIэдгъэкъуэн зэрыхуейм шэч хэлъкъым.

ДызэрыщыгъуазэмкIэ, къэзыгъэзэжахэм яхэткъым хамэ хэку зыгъэзэжын. Мыхэр адэжь хэку щыпсэуну къэкIуэжа защIэщ. НобэкIэ я тхылъ IуэхукIэ я псэр зэфIэмынэмэ, гугъу емыхьмэ, ди лъэпкъэгъухэр куэдкIэ нэхъ щIэх къытхэшыпсыхьыжынут, я гур къызэрыгъуэтыжынут.

Къэрал зэхуэмыдэхэм къыщекIуэкI Iуэху зехьэкIэм укIэлъыплъмэ, «статус репатрианта» жыхуаIэр илъэситхукIэ иратри, хамэ хэкум къикIыжахэр зыхэтIысхьа гъащIэм хошыпсыхьыж а пIалъэм къриубыдэу. Дэ илъэситху хъуауэ цIыху 35-м щIигъум я тхылъхэр нэгъэсауэ тхузэтегъэпсыхьыркъым. Езыхэми «Урысейм дыкъранэну пIэрэ хьэмэрэ драхужыну?» жаIэу, гулэгусэм хэмыкIыу мэпсэу.

Нобэ ди хэгъэгум щыпсэу дэтхэнэ адыгэми ди къалэнщ Щамым къиIэпхъукIыу зи Хэкужь къэзыгъэзэжахэм защIэдгъэкъуэну. Щхьэж хузэфIэкIкIэ. Къапщтэмэ, жылагъуэ Iуэхур зи пщэрылъ хъур Хасэращи, дэ къарукIи мылъкукIи тлъэкI къэдгъанэркъым ди лъэпкъэгъухэм къатегуплIа щытыкIэ хьэлъэр псынщIэ ящыщIынымкIэ. Щхьэихауэ жыпIэмэ, дэтхэнэри мылъку хуэныкъуэщ. Псалъэм и жыIэгъуэкIэ, справкэ къыдэпхынуми, зыщIыпIэ укIуэнуми ахъшэншэу зэфIэкIыркъым. Ди насыпщи, лъэпкъым и мащIэкъым цIыху хьэлэлхэр, я лъэпкъэгъухэм ядэIэпыкъуну хьэзырхэр. Апхуэдэхэм я фIыщIэкIэ, щытыкIэ хьэлъэ куэдым дыкъокI.

Къинэмыщlауэ, къытхуеблэгъэжахэм я Iуэхухэр зезыхуэн, УФ-м и хабзэхэм фIыуэ хэзыщIыкI юрист дыхуэныкъуапэщ. Юристым ди лъэпкъэгъухэм я тхылъхэр и нэIэм щIигъэтынущ. Хэт ейм и пIалъэр икIми, хэт сыт хуэдэ дэфтэр хуэныкъуэми хъыбар яригъэщIэнущ. Канцелярием и лэжьыгъэм псори елъытащ.

Дызыпэрыт Iуэхур куэдкIэ нэхъ тыншу къыдэхъулIэнущ, ди лъэпкъэгъухэр хуиту я адэжь хэку щыпсэуфынущ, абыхэм яхуэгъэза Iуэхухэр дызэкъуэту зэфIэдгъэкIмэ. Ауэ сытми адыгэм жиIакъым: «Узэкъуэтмэ, улъэщщ!»

**АБИДОКЪУЭ** Лусанэ.

**● Щапхъэ зытрах унагъуэ**

КъБР

# Сытым деж жыгыр щыдахэр?

**Налшыкдэсхэми абы щеджэ-щылажьэхэми, щIэх-щIэхыурэ IуэхукIэ къалэм къакIуэхэми ящыщу хэт зымыцIыхур Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ уэрамым тет «Тамерис» шхапIэ хъарзынэр?! Ахэр зей зэщхьэгъусэхэу Едыдж Нихьаирэ Шыкуэ Шукранрэ хуэдэ цIыху зэщIэкъуарэ дахагъэр зи плъапIэрэ уагъэлъыхъуэнщ.**

АР НАIУЭУ наIуэу къегъэлъагъуэ кафем и пщIантIэм: удз щхъуэкIэплъыкIэхэмрэ къэкIыгъэ дахэхэмкIэ зэрыгъэщIэрэщIам и закъуэкъым гъэщIэгъуэныр, а псор зыгуэрым пщIэкIэ ирамыгъэщIу езы тIум зэрыхасэрщ, зэрызэрахьэрщ. Дапщэрэ уахуемыблагъэми, е Нихьаи, е Шукран пщIантIэм дэтщ, удзхэм, жыгхэм псы щIакIэри. Япхъу Тамериси, я къуэ Едыджи езыхэм къадолажьэ, я адэанэм я щIэгъэкъуэн нэсщ.

Я ерыскъыр зэрыIэфIращ, шэч хэмылъу, а шхапIэм цIыхухэр езышалIэр. Абы и щэхур Нихьаии Шукрани фIы дыдэу ящIэ. Шхын нэхъ узэдыгъуэ мыхъун зэрыщымыIэр тIуми къагуроIуэри, япщэфIа псори я щхьэкIэ къапщытэ.

Зэгуэр хэхэсу щытащ Нихьаи и унагъуэр. Тырку Республикэм хыхьэ Анталие къалэм епха Елэмэ къуажэм 1945 гъэм къыщалъхуа щIалэ цIыкIум цIыху псори адыгэбзэкIэ псалъэу къыщыхъурт, я унагъуэм, я къуажэм арат щызекIуэри. ЕджапIэ щIэтIысхьэу и зэхэщIыкIым зиужьа иужь, абы къищIащ дунейм лъэпкъ куэд зэрытетри, адыгэхэр Тыркум зэрыщыхэхэсри. Ауэрэ къыдэкIуэтейри, нэгъуэщI къалэхэм щыпсэу адыгэхэми яхуэзащ. Псори зэзыгъэзахуэ щIалэ цIыкIум адыгэлI нэс къыхэкIыну иухат. ЗэхэщIыкI гуэр иIэ хъууэ балигъыпIэ зэриувэрэ Нихьаи лъэпкъ Iуэху зэрехуэ, ар зэи IэщIыб имыщIауэ. И ныбжьыр илъэс тIощI щрикъум Анталие Хасэ къыщызэIуихауэ щытащ абы, зыми жаIэм емыдаIуэу, и щхьэр хилъхьэнкIэ зэрыхъунуми имыгъэшынэу. «Къурмэну яукIхэм я фэхэр тщэурэ, илъэсищым и кIуэцIкIэ ахъшэ зэхуэтхьэсри, Хасэм IуэхущIапIэ къыхуэтщэхуат. Абы щыгъуэм цIыхуи 100 - 150-рэ хуэдиз къекIуалIэрт, иджы куэдкIэ нэхъыбэщ», - щыжиIауэ щытащ Нихьаи и интервьюхэм я зым. А Хасэм Нихьаи илъэс 27-кIэ щылэжьащ, тхьэмадэу, тхьэмадэм и къуэдзэу, бухгалтеру.

Сыт хуэдизу адыгэм и гъащIэм ухэмытми, хамэ щIыпIэм ущыхэхэсщ, уи быным сыт хуэдизу адыгэбзэр иумыгъащIэми, уэрамым щызэхах хамэбзэр и гущIыIу къохъу. Ар фIы дыдэу къыгурыIуэрт Нихьаи. КъыгурыIуэм и мызакъуэу, Хэкум кIуэжын зэрыхуейр, мыкIуэжмэ зэрыкIуэдынухэр и щхьэм илъ зэпытт. Зэгъэпщэныгъэ гъэщIэгъуэнщ Нихьаи къихьыр: «Ар зэзгъэщхьри? Жыгыр щыдахэр, пыкIэ щиIэр, зыщиужьыр и лъабжьэр щIым хэтмэщ. Апхуэдэщ адыгэри, лъэпкъыр дахэ, екIу, лъэщ щыхъунур и хэку исыжмэщ, абы къудамэхэр къыщыдэжыжмэщ».

И гъунэгъухэм, лъэпкъэгъухэм яжриIэрт Хэкум кIуэжын гупсысэр зэригъафIэр. Арщхьэкiэ нэхъыбэм къагурыIуэртэкъым, Нихьаи и унагъуэм мылъку нэхъ иIэти, ар къигъанэу гъуэгу къытемыхьэну, псори къигъапцIэу къызыщыхъухэри щыIэт. «Сэ сигурэ си щхьэрэ зэтелъти, цIыхум жаIэм тесщIыхьIатэкъым», - игу къегъэкIыж Нихьаи.

1989 гъэм Едыджхэ я хъыджэбзыр еджакIуэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым къагъэкIуащ. Япэ дыдэ Тыркум къикIыу Налшык къэкIуа студентыр Тамерисщ. Пщащэм унэ къыхуащэхуауэ Налшык щеджэу, и анэр пенсэм кIуати, я щIалэ Едыджи ин мыхъу щIыкIэ Хэкум изэгъэжмэ нэхъ къищтэри, Нихьаи и унагъуэр къигъэIэпхъуащ. Езыр пенсэм кIуэху илъэситIкIэ Тыркум щылэжьэжри, 1995 гъэм и щхьэгъусэмрэ и бынхэмрэ гъусэ закъыхуищIыжауэ нэ фыгъуэ зытрамыгъаплъэ жыхуаIэ унагъуэ дахэ дыдэу мэпсэу.

Хэкур зэрынэхъыфIыр хэкурысхэми хамэ къэрал щыпсэухэми ящIэ, арщхьэкIэ зыкъаIэту къыщIэмыкIуэжыфым, хэкужьым къихьэжар тыншу лъэпкъым зэрыхэмызэгъэжым и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр зэпхар мылъкуращ. Тхьэм и фIыщIэкIэ, Едыджхэ зыхэпсэукIын мылъкуи яIэщ, я бынхэр зыхуей хуагъазэу унагъуэ щхьэхуэу ягъэтIысыжыфынуи Iэмал ягъуэтащ.

Тамериси Едыджи щIэныгъэ нэхъыщхьэ зрагъэгъуэтащ, я IэщIагъэм иримылажьэми. Хъыджэбзыр Цейхэ я нысэщ, пщащитIрэ зы щIалэрэ яIэщ - Дижан, Сэжан, Синэмис. Едыдж зы къуэрэ пхъуитIрэ иIэщ - Лъэпщ, Уэрэд, Данэпс.

Унагъуэ дахэм и лъабжьэр щIэбыдэр зэщхьэгъусэхэр зэгурыIуэ зэдэIуэжу, зым Iэпыхур адрей къищтэжу, зы лъэныкъуэкIэ плъэуэ, зы гупсысэм тIури тету илъэс куэд щIауэ къызэрызэдэгъуэгурыкIуэрщ. Езы Нихьаи и псалъэкIэ жытIэнщи, «унагъуэр зыгъэбжьыфIэри, пщIэ Iуэхум псэ хэзылъхьэри а зэгурыIуэныгъэрщ».

Ди гуапэщ хэхэс адыгэхэми, зи хэку къэзыгъэзэжахэми, хэкурысхэми куэдкIэ щапхъэ яхуэхъу унагъуэ дахэр дяпэкIи бжьыфIэну, я бынкIи абыхэм я быныжкIи гуныкъуэгъуэ ямыIэу, узыншэу, гукъыдэжымрэ дэрэжэгъуэмрэ ябэу псэуну, Хэкум гу щахуэну.



Нихьаирэ Шукранрэ я унагъуэр.

**ИСТЭПАН Залинэ.**

# Дуней жэнэт

**Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым щопсэу зэман зэмылIэужьыгъуэхэм къэкIуэжа адыгэхэр. Ахэр Тыркум, Сирием, Югославием, Израилым, Германием, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм къикIыжащ.**

НОБЭ дэ фэдгъэцIыхуну дыхуейщ ди республикэм и Бахъсэн щIыналъэм хыхьэ Кременчуг-Константиновскэ къуажэм щыпсэу СтIащ Сабри и унагъуэр. Сабрирэ абы и щхьэгъусэ Теувэж Дэлалрэ адэжь Хэкум къызэрагъэзэжрэ илъэсихым щIигъуащ. Зи гугъу тщIа къуажэм къэIэпхъуэжа адрей унагъуэ 15-ми хуэдэу, СтIащхи унэ лъапсэкIэ къызэгъэпэщащ.

- Хэку зимыIэм зыри иIэкъым. Лэжьап Iэ IэнатIэфI, мылъкушхуэ, ерыскъышхуэ убгъэдэлъми, уи Хэкум ущымыпсэумэ, ахэр зыри IэфIкъым. Дыщысабий лъандэрэ сегупсысырт «Хэкур зэ тлъагъужыну пIэрэ?» жысIэу. Ди адэжьхэр щалъхуа щIыпIэм и дамыгъэу щыIэ Iуащхьэмахуэм и сурэт къытIэрыхьэ хъумэ, ди бгъэм дэлъу къетхьэкIырт. Адыгэ уэрэд куэд зэдгъэщIауэ, зэныбжьэгъухэр дызэхуэзэмэ, жытIэрт. Сэ нобэ къызэхъулIам щIэхъуэпсу, апхуэдэр я плъапIэу адыгэ куэд щыIэщ. Зы адыгэ дунейм тету си фIэщ хъуркъым мыбы къагъэзэжыну хуэмейуэ, - жеIэ СтIащ Сабри. - Сирием щыпсэу адыгэхэми дэкъузэныгъэ гуэр ягъуэту схужыIэнукъым, абыхэм пщIэшхуэ къыхуащI адрей лъэпкъхэм. Псалъэм папщIэ, зы цIыхум IэнатIэ хэха екIуу, нэгъэсауэ къэрихьэлIамэ, е Iэдэбагъ далъэгъуауэ щытмэ, «Мыр адыгэ?» жаIэу щIоупщIэ, апхуэдизкIэ адыгэм и дуней тетыкIэр щапхъэу щытщ абыхэм я дежкIи. Къэрал унафэщIхэми, Сирием и президент Асад Башари ди лъэпкъэгъухэм дзыхьышхуэ ирагъэз. Министру, абыхэм я къуэдзэу, дохутыр Iэзэу адыгэ куэд щыIэщ Сирием. Къищынэмыщlауэ, а къэралым IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм сытым дежи адыгэ генералу 8 хэтын хуейуэ унафэ щыIэщ. ПщIэ къызэрытхуащIым и щыхьэткъэ ар?!

Дэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэдгъэзэжу ди щIы кIапэ диIэнымкIэ хуабжьу щIэгъэкъуэнышхуэ къытхуэхъуащ а лъэхъэнэм республикэм и президенту щыта Къанокъуэ Арсен, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, хьэрычэтыщIэхэу Ажахъуэ Къанщобий, IутIыж Мэжид сымэ. Абыхэм я фIыгъэкIэ дэтхэнэ зы унагъуэми щхьэегъэзыпIэ диIэ хъуащ.

Иджыпсту Сабри жыг хадэшхуэ иIэщ пщхьэщхьэмыщхьэ зэмылIэужьыгъуэ куэд къыщыкIыу. Апхуэдизу зи псэр Хэкум хуэзэша цIыхум хадэр таурыхъым къыщыгъэлъэгъуахэм хуэдэу зэрехьэ. «Илъэс хъурейм тшхынур къанэ щымыIэу мыбы къыдох, къыдэлеекI хъур бэзэрым тшэуэ щытщи къохъу. Уеблэмэ, бэзэр Iуэху симыIэми, тхьэмахуэ къэс абы сокIуэ, цIыхухэр зэрыпсалъэ адыгэбзэм седэIуэн папщIэ», - жеIэ СтIащым.

- Ди жагъуэ зэрыхъущи, зи адэжь Хэку къэзыгъэзэжа адыгэхэм я Iуэхухэр лъэпощхьэпоуншэкъым. Гукъеуэу диIэр зыщ: Урысейм и унафэм ипкъ иткIэ нэгъуэщI къэралым къиIэпхъукIар илъэситхум щIигъукIэ мыбы щыпсэуа нэужькIэ, къэралым и паспорт кърату пхъэщ. Ар къыпIэрыхьэным и щхьэусыгъуэхэм ящыщ зыщ урысыбзэр зэбгъэщIэныр. Дэ ди ныбжьым къыхэкIыу бзэр къытхуэщтэркъым, аращи, экзаменыр тхуэтыркъым. Къэралым и цIыхуу укъызэралъытэ дэфтэрыр димыIэмэ, къэрал дэIэпыкъуныгъэми дыщыгугъыфынукъым, - къеIуатэ Сабри. - ДэIэпыкъуныгъэ къыдатми фIыщ, къыдамытми Тхьэм жыхуиIам дыхуэкIуэнщ. Абы щыгъуэми зыщыдгъэгъупщэркъым: мы дунейм жэнэт тетмэ - ар Кавказыращ. И уэшхыр, и уэсэпсыр, и гъатхэр, и щIымахуэр, и жыгхэр, и цIыхухэр - псори фIыгъуэщ. ЦIыхум и адэжь Хэкур имыбгынауэ и лъапIагъэр къыгурыIуэнукъым».



Сабрирэ Дэлалрэ.

*Тхыгъэри сурэтри* **ЖЫЛАСЭ Замир** *ейщ.*

**ХЬЭЩIЭДЭГУ Нэрмин**

## IУАЩХЬЭМАХУЭ

**Гухэлъ пхузиIэр сэ,**
**Iуащхьэмахуэ,**
**Уи щхьэщыгу тхъуахэм**
**Нэхъ йолъэгэкI.**
**ПщIыхь пхуэзмылъагъуу**
**ДэкIкъым зы махуэ,**
**Си гур дапщэщи**
**Уэ ныпхуоплъэкI.**
**ХамэщI ипхъауэ**
**ЩыIэ уи бынхэм**
**Дэ гугъэ гъуазэу**
**ДиIэр уэращ.**
**Нэхъ лъапIэу дыбжыр**
**Дуней насыпхэм**
**Уи лъапэ дыщIэсыжыныращ.**
**Узмылъагъужу сылIэмэ,**
**СощIэ, зэтехьэнукъым**
**Си напIэр, Хэку...**
**ХуэлIэу уи куэщIым**
**Сыухмэ си гъащIэр,**
**Хыумын си кхъащхьэр**
**Уи ятIэ тIэкIу.**

*Тырку, Конья*

● ● ● ● ● ●

**АБАЗЭ Ибрэхьим**

* * *

**Хы ФIыцIэ щхьэнтэр етауэ**
**ЛIы губжьа напщIэу зоуалэ,**
**Си гугъэм япэ ищауэ**
**Адыгэ хэкум йожалIэ.**

**Хы ФIыцIэ щхьэнтэ къехуэхыр**
**Лъахэм и жьэгъухэм йобзей.**
**Си гугъэ нэпцIу ужьыхыр**
**Лъы пцIауэ сэри сфIодий.**

*Тырку, Хьэжсымуратлы*

# Адэжь щIыналъэм и мывэри дыщэщ

**«Гу къабзэхэр» щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэм и зэхэшакIуэ Къарэ Ратмир ди гъуазэу, Прохладнэ щIыналъэм хыхьэ Благовещенкэ къуажэм бадзэуэгъуэм и 24-м дыщыIащ. А жылэмрэ абы къедза Грабовец къутырымрэ дэсщ Сирием къикIыжа адыгэ унагъуэу 20-м щIигъу.**

ДЫЗЭРЫЩЫГЪУАЗЭЩИ, илъэс зыбжанэ ипэкIэ Сирием ди лъэпкъэгъу куэд къиIэпхъукIыжауэ щытащ. Абыхэм ящыщу цIыху 500-м щIигъум Къэбэрдей-Балъкъэрым къагъэзэжащ.

Ди лъахэгъухэм я щыIэкIэпсэукIэр зэдгъэлъагъун мурад диIэу гъуэгу дытехьати, дыщынэсым, Къардэн Баширэ, жьыщхьэ махуэ хъуа бзылъхугъэ нэхъыжьыфIым, и бынхэр щызэхуишэсыж и хабзэ пщIантIэм дыIухьащ. Ратмир телефоныр щигъаджэм, Баширэ ипхъу Хьидаетрэ и нысэ Розэрэ къыдэкIащ. Абыхэм дыщIашащ унагъуэр зей нэхъыжьыфIыр зыщIэс пэшым.

- Сэ щIалиплIрэ хъыджэбзищрэ сиIэщ. КъуитIымрэ пхъуитIымрэ Хэкужьым къагъэзэжащ. Адрейхэм ящыщу зы щIалэр Сауд Хьэрыпым щопсэу, зы къуэмрэ зы пхъумрэ Сирием къинащ. Псоми IэщIагъэ дэгъуэхэр яIэщ, - щыгъуазэ дещI Къардэн Баширэ. - КъуитIым къэкIуэжын Iуэху куэд щIауэ зэрахуэрт, къызаIуэкIырт сыкъыздашэжыну зэрыхуейри. АрщхьэкIэ, сэ сытегушхуэртэкъым, Сирием къыщынэ си къуэмрэ сипхъумрэ сигу зэрахуэныкъуэм къыхэкIыу. Ар къыщащIэм, Хэкужьым къэзыгъэзэжыну тезыухуахэми икIуэтыж хуэдэу защIащ, «удимыгъусэнумэ, гъуэгу дытехьэнукъым» жаIэу. Ауэ, ахэр Сирием къинэмэ дзэм ираджэнкIэ зэрыхъунур сщIэрти, сыкъэгузэващ. Арати, дыкъызэдежьащ.

Баширэ зэрыжиIэмкIэ, къэIэпхъуэжахэм ящыщу зыри хущIегъуэжакъым. Къыздихьэжар я хэгъэгущи, гукIи псэкIэ мэгуфIэхэр.

- Баширэ, Сирием ихьэжыну хуейхэм гъуэгур къыхузэIуахыжу жаIэри, фи унагъуэм «згъэзэжарэт» жызыIэ къыфхэт?

- Сыт къыхуамыгъэлъэгъуами, си бынхэр мыбы икIыжынукъым. Сыту жыпIэмэ, ахэр зауэ къэмыхъей ипэкIи къэкIуэжыну хуеящ, къэIэпхъуэжыным ехьэлIа гупсысэр апхуэдизу я лъым хэтти. Си шыпхъум и къуэр мыбыкIэ нэхъ пасэу щыIат, зауэм щIидзэным илъэсиплI хуэдиз иIэу. Абы телефонкIэ дыщеупщIым, «лэжьапIи щывгъуэтынущ, дунейри щымамырщ» къыджиIэрт. Дэри Сирием къина ди Iыхьлыхэм зыкъыщытхуагъазэкIэ, жэуапу еттыр апхуэдэщ.

Бзылъхугъэ нэхъыжьым къызэрыхигъэщамкIэ, къызэрагъэзэжрэ анэдэлъхубзэри нэхъыбэрэ къагъэсэбэп хъуащ, урысыбзэри хуэм-хуэмурэ къащтэ, псом хуэмыдэу щIэблэщIэм.

- ДыщыцIыкIум унагъуэм хьэрыпыбзэкIэ дыщагъэпсалъэртэкъым ди адэ-анэм, «хамэбзэкIэ фызэдэмыуэршэр, фыфейр фщыгъупщэнущ» къыджаIэрти, - къыхегъэщ Баширэ.

ГъэщIэгъуэн тщыхъуу дызыгъэгуфIахэм ящыщщ, Баширэ и ныбжьым теухуауэ Урысей Федерацэм къыщыхуагъэфэща и пенсэр куэд дэмыкIыу къратын зэрыщIадзэнури.

- ЦIыхум и Iуэху псори зэуэ зэтеувэркъым, - къыпещэ и псалъэм бзылъхугъэ лъагъугъуафIэм. - Хэкужьым къэкIуэжа ди бынхэм хыхьэхэкI куэду яIэ хъуащ. Ди щIалэхэр фIыуэ къалъагъу. Къэбэрдейм щыIэ адыгэхэм ялъэкI къагъэнакъым, ноби къыддоIэпыкъу. Ди гъунэгъухэр, урысхэри, нэгъуэщI лъэпкъхэм къахэкIахэри, дэгъуэу къытхущытщ.

## Баширэ ипхъу Уэтей Хьидает

Унагъуэ щхьэхуэу мэпсэу, и щхьэгъусэмрэ и къуитIымрэ, Хьэземрэ Хьэбибрэ, бгъэдэсщ. Мы махуэхэм и анэм деж щыIэщ.

- ДыкъыщыIэпхъуэжам, япэщIыкIэ санаторэм дыщIэсащ. Абы дыщыIэу щIалэ гуэр нытхуэкIуат, Сирием нэхъ пасэу къикIыжахэм ящыщу. «Дэрбзэр хъун къыфхэт?» жиIэу щыщIэупщIэм, сэрэ нэгъуэщI бзылъхугъэрэ арэзы дыхъуати, занщIэу лэжьапIэ къытхуагъуэтащ. IуэхущIапIэм щыIэхэм, «фэ фыхамэкъым» къыджаIэурэ, дигухэр фIы къытхуащIырт. Ар IэфIу сигу къинащ. Гугъуехь гуэрхэм дыщыIууэми, дыкъыздихьэжар ди хэкущ. Сирием зауэр къыщыхъеиным куэд иIэу, илъэс 15 ипэкIи къэкIуэжыныгу дыхъуауэ щытащ. Адэ-анэм къыдаухылIат, «дэ дымыкIуэжыфми, фэ вгъэзэжынущи, анэдэлъхубзэр зэвгъащIэ, фрипсалъэ» жаIэурэ. Адэжь щIыналъэм дыкъыщихьэжам, ди псэхэр тыншыжащ.

Хьидает зэрыжиIэмкIэ, мы илъэсым я хадэм зыри щыхасакъым. Езыр, и къуитIыр и гъусэу, и дэлъхум, и анэм деж щыIэщ, и щхьэгъусэр, документ Iуэхухэр зэрихуэу, Сирием зэрыкIуам къыхэкIыу.

- Куэд щIоупщIэ: «ФыкъыздикIыжам фыкIуэжынкIэ хъуну, щэху хъуа хуэдэщи?» «Хьэуэ, - ядот жэуапыр. - ХьэщIэу дахыхьэжынкIэ хъунщ, къэдгъэна ди шыпхъу, ди дэлъхухэр тлъагъун, тIэкIуи дыщыIэу къэдгъэзэжын хуэдэу». Ди адэм къызэрытхуиIуэтэжу щытамкIэ, ди адэшхуэр ящыщт иужьрейуэ Хэкур зыбгынахэм. И ныбжьыр илъэси 7 фIэкIа мыхъуу ирашами, и цIыкIугъуэр щриха и лъахэр и псэм хэлъа къыщIэкIынт. И гур къыщызэфIэзэрыхьхэм деж, ар, етIысэхырти, сабий цIыкIум хуэдэу гъырт, «Хэкур сигу къэкIащ» жиIэурэ. Адэшхуэр дунейм ехыжыхукIэ апхуэдащ, и ныбжьыр илъэс 85-м нэблэгъэху псэуати. Арщи, Хэкур зыбгына ди нэхъыжьхэм гузэвэгъуэу я псэм телъар зыхыдагъэщIауэ хамэщIым аргуэру дауэ дгъэзэжын?! - жеIэ Хьидаети, гумащIэ къэхъуауэ погуфIыкI.

- Фи унагъуэшхуэм къыфхэт Урысейм и цIыхуу къалъыта?

- АтIэ. Мес ди анэм куэд дэмыкIыу къратынущ мы къэралым и цIыхуу зэрыщытым щыхьэт техъуэ тхылъыр, паспорткIэ зэджэр.

- Уи щхьэгъусэр, Амир, япэм дыкъыщыкIуам тлъэгъуащ. ЩIалэ хъарзынэщ. Сирием ар щIыщыIэм укъытхутепсэлъыхьыфыну?

- Хэкум къызэрыдгъэзэжрэ илъэси 5-м щIигъуащи, Сирие къэралым щыщ цIыхуу дыкъызэралъытэ паспортхэм я пIалъэр икIащ. Абы пригъэщщэн мурадкIэ кIуэжауэ аращ. Тхьэм жиIэрэ къигъэзэжмэ, мыдэкIэ ди унагъуэ Iуэхухэр нэхъ зэфIэгъэкIыгъуафIэ хъужыну къыдолъытэ. Езыр IэпщIэлъапщIэщ, ухуэныгъэм ирахьэлIэ мрамор, гипс хуэдэхэм хуэIэзэщ. Илъэс зыбжанэ хъуауэ хадэ зыдохьэ, Iэщ гъэхъуным, мэл зехуэным хуэм-хуэмурэ зыдот.

Хьидает езым и гуапэу игу къигъэкIыжахэм ящыщщ адэкIэ дызыщIигъэдэIуахэри.

- Сирием дыщыщыпсэум, иджыри «хъыджэбз дэсщ» жыхуаIэм сыхуэдэу, къэфэкIэ зэзгъэщIэным хуабжьу сыщIэхъуэпсу щытащ. Ди къуажэмрэ Дамаск къалэмрэ сыхьэт гъуэгу я зэхуакут. Щыхьэрым адыгэхэм зэгухьэныгъэ щыдиIэт, «Къуэш Хасэ» хужытIэу. Абдежым къафэм зэрыщыхуагъасэм сыщыгъуазэт. Нобэ хуэдэу сощIэж гъэсакIуэм, «жыжьэ укъикIын хуей хъунущ» жиIэу, куэдрэ сызригъэлъэIуауэ зэрыщытари, ар къытезгъэхьэу ди анэми хуит сыкъыщищIым, «Къуэш Хасэм» кIуэн зэрыщIэздзари, къэфэкIэ зэрыщызэзгъэщIари...

## Жэмыхъуэ Тамир

Илъэс 48-рэ и ныбжьщ, щхьэгъусэ, пхъуитI иIэщ.

- СыкъызэрыIэпхъуэжрэ илъэситIрэ никъуэрэ хъуами аращ. СыкъэкIуэжын ипэ мыбы тIэунейрэ сыщыIащ. Зэзгъэлъэгъуащ си благъэхэр зэрыщыпсэур. Адэжь лъахэм ижь къысщIихуащ, мы къуажэри сигу ирихьащ, щIым тет уни къэсщэхуащ, хадэ зыдохьэ, теплицэ диIэщ, нащэ, шыбжий хуэдэхэр къыщыдогъэкIри, бэзэрым дошэ. СыщыцIыкIуам анэдэлъхубзэкIэ сыпсэлъакъым, унагъуэм исхэр зэпымыууэ иризэдэуэршэра пэтми. Си адэм «убзэмыIущ!» къызжиIэрт. Ауэ, нэхъ сыкъыдэкIуэтейри, бзэри зэзгъэщIэжащ. Си къуэш нэхъыжьри, къэкIуэжауэ, унагъуэу Налшык дэсщ, хъыджэбзрэ щIалэрэ яIэщ, унэкIи зэгъэпэщащ.

Тамир, езым къызэриIуэтэжымкIэ, Сирием къыщыхъуами, Сауд Хьэрыпым илъэси 10-кIэ щыпсэуащ, уэчыл лэжьыгъэм хуеджащ, Сауд Хьэрыпым и Мадинэ къалэм и администрацэм деж зауэ хуэIухуэщIэу къалъытэ кIапсэ зэмылIэужьыгъуэхэр ухуэныгъэхэм пхышынымкIэ IэщIагъэлI нэхъыщхьэм и къуэдзэу щытащ.

- Хамэ щIыналъэм сыщыунафэщIт, си псэуалъэр инт, машинэ лъапIэ сист. Мыбы сыщылэжьакIуэщ, къэсщэхужа машинэри пудщ. Ауэ, абы щхьэкIи си гур згъэкIуэдыркъым, «Хэкужь и мывэри дыщэщ» псэлъафэм сытетщи. А лъэныкъуэмкIэ тIэкIу езгъэзэкIыжынщи, гъэщIэгъуэныракъэ, мыбы къыщыхъуахэм Сирием уэс щыдмылъэгъуауэ я гугъэщ. Адыгэр щетIысэхауэ щытар Джолан лъагапIэхэрати, а щIыпIэр адэжь Хэкум зэрещхьым, мэзхэри зэритым дыщыгуфIыкIырт. Къыхэзгъэщынщи, мы лъэныкъуэмкIэ щыIэ хуабэм хуэдэ Сирием игъащIэм щытлъэгъуакъым. Джоланым дыщисам дэ, Жэмыхъуэхэ, а щIыпIэм мэл 500-м нэблагъэ щызетхуэу щытащ. Сирием щыIэ адыгэхэр лэжьакIуэщ, дыгъуакIуэкъым, пцIыупскъым. Апхуэдэу дызэрыщытыр псоми къыддащIэ. Ауэ, къытезгъэзэжынщи, ди гур щыпсэхур мыбдежыращ.

- Тамир, урысыбзэм дауэ фыпэлъэщрэ?

- Гугъущ, адыгэбзэм нэхъ десащи. Анэдэлъхубзэр дэнэкIи щызэхыдох. АрщхьэкIэ, урысхэми, азербайджанхэми, нэгъуэщIхэми Iуэху ядыдощIэ. Абы къыхэкIыуи, урысыбзэр зэгъэщIэным яужь дитщ.

ЗЭРЫГУРЫIУЭГЪУЭЩИ, хамэ щIыналъэ илъэс куэдкIэ щыпсэууэ къэзыгъэзэжа ди хэкуэгъухэр Урысейм щызекIуэ хабзэхэм есэныр, цIыхухэм зыдрагъэкIуныр Iуэху тыншкъым. Ауэ щыхъукIи, мылъкукIэ зэрызащIэдгъакъуэм и мызакъуэу, абыхэм нэхъ гу щабэ-псэ къабзэу дазэрыхущытынми дыхущIэкъупхъэщ. Уеблэмэ, етIуанэр нэхъыщхьэу къыщIэкIынущ.

*Тхыгъэри сурэтхэри*
**КЪУМАХУЭ Аслъэн** *ейщ.*

● ЗэIущIэ гуапэхэр




* * *

**Сэ Шэрджэсым сщIэкъым згъэзэжынуми,**
**Ауэ сыхуогуфIэ зиужьыху.**
**Сэри сщIэкъым гъащIэу къэзгъэщIэнури,**
**Сэ си хэку симысми, ар си жьыхущ.**

**Ихьэкъым тхьэкIумэм ди жагъуэгъухэм**
**Адэжь лъахэм пцIыуэ хузэхалъхьэр.**
**Дэ дызимыщIэсахэр къыдогъухэр,**
**«Лъэпкъ кIуэдыжыр» бэкъуэхукIэ**
**къытпалъхьэу.**

**Пэжщ, гугъуащ, Шэрджэс, уи гъуэгуанэр**
**ГъэпщылIакIуэ бзаджэхэр щыIэху,**
**Ауэ теткъым дэ ди щIыфэ гуанэ,**
**Хэку телъыджэ хуитыр щIым тетыху.**

**СщIэкъым сэ гъуэгуанэу зэпысчынур…**
**Махуэ къэси лэжьакIуэ сыкIуэху,**
**Гъуэгу сытетщи сэ дэзмычыхыну,**
**Си щIыналъэм зэ сеуэлIэжыху.**

**Гугъэм сынэмысу сыукIуриймэ,**
**Си мурадыр ныпу къаIэтынущ.**
**ЩаIыгъынщ гъуэгуанэм ди сабийхэм,**
**А мурадыр зым ирамытынущ.**

КЪАРДЭН *Дурие.*
*Тырку, Анкара*

# Зи щхьэм пщIэ хуэзыщIыж лъэпкъ

* * *

АДЫГЭХЭР лъэпкъ нэхъыжь дыдэхэм ящыщщ. Абыхэм я тхыдэр апхуэдизкIэ жыжьэ зоIэбэкIыжри, Китайм, Мысырым, Кхъэжрым я гугъу умыщIмэ, адыгэхэм я блэкIам елъытауэ, дэтхэнэ зы хэкуми зи гугъу ящIхэр дыгъуасэрей хъыбарщ.

Адыгэхэр нэгъуэщI телъыджэ гуэркIи псоми къахощ: ахэр зэрыпхъуакIуэм и унафэ зэи щIэтакъым. ИкIуэтащ, къуакIэбгыкIэхэм зыщагъэпщкIуащ, къаруушхуэкIэ ираудыхащ, ауэ къатегуплIахэм я хабзэхэм фIэлIыкIа мыхъумэ, зызыхуагъэщхъа къару щыIэкъым. Дызэрыт лъэхъэнэми ахэр, я хабзэ зэрахьэжу, я нэхъыжьхэм я унафэ щIэту мэпсэу. Мы лъэпкъыр гъэщIэгъуэн зыщI Iуэхущ мыри: щIы хъурейм тет дэтхэнэ лъэпкъри и тхыдэ жыжьэм зэбгъэплъэкIыжмэ, адыгэхэм я закъуэщ щхьэхуиту зэрыщытам щыхьэт техъуэфу къахэкIынур.

БжыгъэкIэ куэд мыхъухэми, я щIыналъэм апхуэдизкIэ купщIэшхуэ ехъумэри, пасэрей цивилизацэхэм а лъэпкъыр фIы дыдэу щацIыху. Адыгэхэм я гугъу ящI Геродот, Флакк, Помпоний, Страбон, Плутарх сымэ хуэдэ тхакIуэ щэджащэхэм.

Илъэс минитIрэ щищым щIигъуауэ дунейм нэхъ лъэрызехьэу тета тепщэхэм щахъумэфа хуитыныгъэм и лIыхъужь пшыналъэщ абыхэм я IуэрыIуатэр, таурыхъхэр, хъыбарыжьхэр.

**«Глиссон и сурэт журнал».**
*Лондон.*
*1854 гъэ*

* * *

ШЭРДЖЭСХЭР къуданщ, зэкIужщ, бгы псыгъуэщ. Я лъыр къабзэщ, нэ фIыцIэхэщ, набдзэ къурашэхэщ, псом хуэмыдэжу цIыхубзхэр; адыгэ пщащэхэр я дахагъкIэ къахощ дуней псом цIыхубзу тету хъуам.

Абыхэм (кърым тэтэрхэм) Шэрджэсым иракуркъым, а хэкум исхэр зэрылIыхъужь защIэм щыгъуазэщи.

Адыгэхэр ирогушхуэ лъы къабзэ зэращIэтым, тыркухэм абыхэм пщIэ лей хуащI, шуейм лъэпкъ пагэщ зэреджэр.

Абыхэм яшхэр дахэ дыдэщ, жанщ, пIащэщ, пIащэми, IэпкълъэпкъэкIужщ, езы шэрджэсхэми хуэдэу... ЦIыху нэжэгужэщ адыгэхэр, къыщыфэм деж лъапэкIэ хатIэ-хасэ - ар гугъущ, дауи, ауэ дахагъэщ.

**АСКОЛИ Эмиддио.**
*(Италие).*
*1634 гъэ*

* * *

ХАБЗЭРЭ фащэкIэ адыгэ лъэпкъ псоми щапхъэ зытрахыр къэбэрдейхэрщ - Сунжэ къыщыщIэдзауэ тенджыз Iуфэм нэс.

**ПОПКО Николай,**
*урыс щIэныгъэлI*

* * *

КЪЭБЭРДЕЙХЭМ, шапсыгъхэм, Псыжь адрыщI ис адрей адыгэ лъэпкъхэм я шуудзэм егъэпщэ хъун зыщIыпIи щыслъэгъуакъым.

**ТОРНАУ Федор,**
*урыс тIасхъэщIэх*



* * *

ШЭРДЖЭСХЭМ я лъахэр телъыджэщ, пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэр щыкуэдыкIейщ, япсхэр къабзабзэщ, мэзыр я гъунэжщ. Хьэуар абы щыкъабзэ дыдэщ, зэгъщ. Шэрджэсхэр зэрылъэпкъэ дахэр зи фIыщIэр арауэ солъытэ. Лъахэ дэгъуэ дыдэ зэрисымрэ гъэсэныгъэ тэмэм зэрахэлъымрэ лъабжьэ хуэхъуащ адыгэ лъэпкъым и дахагъэм.

**ФЕРРАН,**
*франджы дохутыр.*
*1702 гъэ*

* * *

ДУНЕЙМ тет нэхъ лъэпкъ хахуэ дыдэхэм ящыщщ шэрджэсхэр.

**КАНИТЦ Феликс.**
*Австрием щыщ этнограф*

* * *

СЫТ хуэдиз къытхуищIа дэ фэрэкIыр япэ дыдэ зыхэзылъхьа шэрджэс бзылъхугъэм! Сыт хуэдиз сабий ажалым къела абы и фIыгъэкIэ! ЦIыхум апхуэдэ Iуэхутхьэбзэ хуэзыщIэфа къэхъуакъым, аращ абы фIыщIэ щIыхуэфащэр.

* * *

АДЫГЭР цIыху хахуэщ, щхьэмыгъазэщ, ауэ къанлыкъым икIи гущIэгъуншэкъым: ирамыхулIауэ лъы игъэжэнукъым, ирахулIэрэ зэуэн хуей хъумэ, зыпикIуэтын щыIэкъым.

**ЛАПИНСКИЙ Теофил,**
*Польшэм щыщ щIэныгъэлI,*
*зауэлI.*
*1857 гъэ*

* * *

ТЭТЭРХЭМРЭ нэгъуейхэмрэ къащыхьэ зэпытщи, шэрджэсхэр зауэм хуэхьэзырщ сыт щыгъуи, абыхэм нэхъ шуейа лъэныкъуэмкIэ щыбгъуэтынукъым. ШабзэкIэ мэзауэ ахэр, сэшхуэри ягъэIэрыхуэ... Шабзэмрэ сэшхуэмрэ нэмыщI, бийм щебгъэрыкIуэкIэ, абыхэм бжырэ мывопщIэрэ къагъэсэбэп. Мэз щIагъым щызэрихьэлIэмэ, зы адыгэм бий тIощI хигъэщIэнущ.

**ЛУККА Джиовани,**
*итальян монах. 1634 гъэ*

* * *

А ЛЪЭПКЪ хахуэм къэралыгъуэ лъэщ иухуэфынут, зи акъыл зэтемыхуэ пщыхэм я Iэмыщхэ имылъатэмэ. ЛIыфIыгъуэ зэримыгъахуэурэ, зэныкъуэкъу зэпытщ ахэр, ди насыпщи, абы и фIыгъэкIэ нэхъ шынагъуэншэ мэхъу а лъэпкъ хахуэр.

**ПАЛЛАС Петр-Симон,**
*нэмыцэ академик. 1794 гъэ*

* * *

ЛЪЭПКЪ дахэщ шэрджэсхэр, цIыху екIухэщ. Я цIыхухъухэр IэчIэчщ, къуэгъущ, къамылыфэщ, гуапэхэщ, я щхьэм пщIэ хуэзыщIыж защIэщ, уардэхэщ, плIабгъуэхэщ, бгы псыгъуэхэщ.

**КЛАПРОТ Генрих-Юлиус,**
*нэмыцэ академик-*
*ориенталист.*
*1808 гъэ*

* * *

АДЫГЭМ и фащэ дахэр Шэрджэсым и гъунапкъэхэм щхьэдэхри, жыжьэ нэсащ. Адыгэхэр сыткIи къахэщырт я гъунэгъу лъэпкъхэм - я фащэкIи, я хабзэхэмкIи, я псэукIэкIи. Адыгэ фащэр Кавказ Ищхъэрэми къыщызэтенакъым, Кавказ щIыбми нэсащ... Къэзакъхэми щапхъэ яхуэхъуащ шэрджэсхэм я фащэр, я Iэщэр, я шы тесыкIэр, абыхэм ядэплъей зэпытащ.

**СТУДЕНЕЦКАЯ Еленэ.**

* * *

ЗАУЭМ щыIухьэкIэ, шэрджэсым и Iэщэ-фащэ нэхъыфI дыдэмкIэ зызэщIеузадэ. И Iэщэрэ и фащэкIэ ар лъэпкъ куэдым къахощ, Азием дэнэ къэна, Европэми щыслъэгъуакъым шэрджэсым и Iэщэмрэ и фащэмрэ нэхъ дахэрэ нэхъ Iэрыхуэрэ.

**ХЪАН-ДЖЭРИЙ СулътIан,**
*адыгэ этнограф.*
*1838 гъэ*

Редактор нэхъыщхьэхэр: ХЬЭФЫЦIЭ Мухьэмэд, ДЕРБЭ Тимур, АБИДОКЪУЭ Лусанэ

ДИ ХЭЩIАПIЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къ., Ленинным и уэрам, 33.

Номерыр „Адыгэ псалъэм" и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ. Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 23.00-рщ.

Индексыр 51531
Тираж 2.173
Заказ №769